


MATANGI AKATSEMUKA

 Ngatinamatei. Ishe, zvino tinotenda. Tinotenda kuMwanakomana waMwari, uye, nomune izvi, tinogamuchira Hupenyu Husingaperi nemaAri. Zvino taungana zvakare, masakati ano, kana kuti manheru ano, kuti tiite imwe shumiro, tichivimba neMi paMharidzo uye nezvaMuchatitaurira husiku huno. TinoKutendai, Ishe, uye takamirira paMuri. Uye Imi makati, “Avo vanomirira pana Ishe vachapiwa simba idzva; vachabhururuka namapapiro sechapungu.” Uye tiri kunamata, Mwari, kuti Imi muchatipa Simba iro rokubhururuka tichikwira, husiku huno, apo takamirira paMuri.

² TinoKutendai nokuda kwavanhu ava, uye nezvavanoreva kwaMuri uye zvavanoreva kwandiri. NdinoKutendai nokuda kwazvo, Baba. Maparera eNyu. Uye ndinonamata, Mwari, husiku huno, kuti Muchazviratidza nenzira, kwavari, yezvavanoda. Kana paine vanorwara pano, dai vakaporeswa. Kana paine kupokana mupfungwa yomumwe munhu; ibvisei, Ishe. Uye tipei zvoHupo nemaropafadzo eNyu, nokuti tinozvida, Ishe. Ndimi zvose zvinotikwanira. Uye, tisina Imi, hatina chatinogona kuita.

³ Tinonamata kuti Imi mugamuchire kutenda kwedu pamusoro pezvose zvaMakaita. MuZita raJesu Kristu tinotaraisira maropafadzo eNyu. Amen.

Mungagara henyu pasi.

⁴ Uye, zvakanaka, kuno—kunoti tonhorerei Svondo ino husiku, muno, kupfuura zvazvaiva husiku hweSvondo hwapfuura. Tinotenda hama dzedu dzakashanda dzakatendeka chaizvo vachitepa izvi. Ndinoziva vaviri kana vatatu vavo. Hama Mike Egan, sokuvaona kwandinoita kumashure uko, uye ndino. . . Hama Mike, uye Hama Sothmann, Hama (Ndinotenda) Roy Roberson, uye Hama Woods, nevamwe vose, vanga vari kuno vachidikitira pakushanda, vachiedza kutepa kuitira kuti tive neMharidzo iyi zvino, kana kuti nhasi. Saka, tinotenda.

⁵ Zvino, Svondo inouya mangwanani, Ishe vachida, ndinoda kuti tive neshumiro yokupodzwa kwevanorwara, kunyengeterera vanorwara. Uye tichaipira kuti ive shumiro yokupodzwa kwevanorwara, kana Ishe vachida.

⁶ Ndacherechedza, mangwanani ano, pane murwi wemahengechepfu pano. Ndaanamatira. Uye ini, pamanga muchinamata nokuimba, ndipo pandanamatira hengechepfu idzi; uye pane akawanda pano usiku huno. Saka, isu—isu tinotenda kuti Mwari unopodza vanorwara. Pane zvapupu zvizhinji zvikuru zvokupodzwa pakati pedu, uye pasi rose, uye tinotenda nokuda kweizvi.

⁷ Uye ndakafunga, Svondo inouya, nokuda kwokuti ndinofanira kunge ndisipo kwekanguva, uye tanga tiri pakudzidzisa nguva yakawanda zveMharidzo, zvokuti ndafunga kuti chingava chinhu chakanaka kuti tive ne—neshumiro yokupodza vanorwara, kunamatira vanorwara. Uye ndinovimba kuti Mwari uchatipa nguva yakaisvonaka.

⁸ Zvino, vazhinji venyu vachafanira kutyaira mamaira mazhinji husiku huno. Saka ndanga ndichitaura nemapoka pamusoro uko pa—paKefu yeBlue Boar, nhasi, uko kwandanga ndichidya. Pane vanhu vakanaka vakawanda, vandakwanisa kukwazisana navo nokutaura navo, vanhu vandakanga ndisati ndamboona, vanouya pachechi pano. Uye ndinotenda nokuda kweshamwari dzakadaro, uye ndinoda kutenda mumwe nomumwe wenyu. Vamwe vavo vakanotanha michero yemablackberries, ndokubva vativigira. Mumwe wavo wativigira bhagidhi remusvi, kana kuti manyuchi, ndinotenda kuti ndizvo, uye—uye nezvimwe. Hamuzivi zvazvinoreva izvozvo. Zvino mamwe mangwanani, ndakamuka ndokubuda mumba, imwe nguva apo. . .

⁹ Mamwe mangwanani pane imwe hama yakanga isina zvikwanisiro, isina nhumbi nezvinhu, waida kuti ndimutsvagire nhumbi. Ndakabuda, ndikapotsa ndagumburwa nebhagidhi remablackberry ipapo. Ndikati, “Ndimi here mauya nemablackberry awa?”

¹⁰ Iye akati, “Kwete, handina chandamboita pamusoro paizvozvo. Ndasvika pano zuva risati rabuda, iwo anga atova ipapo zvino.” Uye yanga iri Hama yangu yakanaka Ruddell vandivigira. Uye, saka, zvinhu izvo ndinozvikoshesa.

¹¹ Billy Paul ataura izvi kwandiri, kanguva kashoma kapfuura, kuti pakati peungano ino usiku huno, vanga vanditorera, mupiro. Ndi—ndinokutendai naizvozvo. Ndanga ndisingadi kuti muite izvozvo. Ndi—ndinotenda nokushingaira kwenyu, nezvakadaro, asi zvanga zvisina basa. Uye, asi, Ishe vakuropafadzei. Munoziva, munoziva, Bhaibheri rakati, “Nezvo zvaunenge waitira kumudikisa waivava, wazviita kwaNdiri.”

¹² Zvino, ndanga ndichitaura nemi, paMharidzo, zvakanatsonanga. Uye ndika. . . Vamwe vanhu vanogona kunge vaine maonero okuti—okuti ndinofunga kuti Jesu ari kuzouya mangwanani kana kuti usiku huno. Ndinodaro. Zvino, handisi kuti Anouya. Uye, zvakare, Anogona kusauya svondo inouya, uye rinogona kunge riri gore rinouya, anogona kunge ari makore gumi. Handizivi kuti Anouya rini. Asi, pane chinhu chimwe chandinoda ku. . . chinogara mupfungwa dzenyu, garai makagadzirira miniti yose kana awa. Maona? Kuti, kana Akasauya nhasi, Anogona kuva pano mangwana. Saka ingozvichengetai mupfungwa dzenyu, kuti Ari kuuya.

¹³ Uye handizivi kuti nguva yangu yokupedzisira panyika ndirini, uye hapana anoziva. Uye hapana mumwe wedu anoziva paAri kuuya. HaAtomboziviwo, Iye, neMashoko aKe; Akati, “Baba, voga, vanoziva paVanouya; kana Mwanakomana haatombozivi paVanouya.” Zvichadaro Mwari paAnoMutumira kwatiri zvakare. Asi tiri kutarisira Kuuya kwaKe. Uye kana Akasauya muchizvarwa changu, Angangouya pane chiri kutevera; kana Akasauya mune ichocho, Anouya mune chinotevera. Asi, ini hangu, handisi kuona pachine nguva yasara. Ndinongo. . . Kwandiri, zvinogona kuitika chero miniti. Zvino, izvo hazvirevi. . . Hazvirevi, zvino, kuti muchaona matenga achishanduka nezvose. . . Hakusiko Kuuya kwandiri kutaura nezvako. Ndiri kutaura nezveKubvutwa.

¹⁴ Maona, Ane Kuuya kutatu. Anouya nomumaZita matatu ohuMwanakomana. Anouya muutatu; Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene. Maona, zvese ndiKristu mumwe, Mwari mumwe, nguva dzose. Zvino, tinoziva Akauya kuzoratidza kushanda kutatu kwenyasha; kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene. Zvose, muna Mwari, zvinozadziswa muhutatu.

¹⁵ Uye zvino Anouya, kutanga, kuzodzikinura Mwenga waKe. Anouya, kechipiri, seKubvutwa, kuzotora Mwenga waKe. Anouya, kechitatu, neMwenga waKe, Mambo naMambokadzi; mushure, ndipo panotarisa vanhu vazhinji Kuuya.

Asi paAnouya iye zvino, hapana anoziva kunze kweavo vakagadzirira ndivo vachaziva paAnouya. Pachava nekushaikwa kwevanhu. Havazivi zvinenge zvakaitika kwavari. Vanenge vangobvutwa, chiripo-ripo, uye vobva vangonyangarika. “Kushandurwa chiripo-ripo, mukubwaira kweziso.” Saka ingogadzirirai izvozvo. Zvinenge zvichityisa mamwe mangwanani kushaya mudikani, hapana anokwanisa kuvawana. Zvinenge zvisina kunyanya kuipisisa here kuti zvaitika zvikakupfuura? Saka ingoramba uri pamberi paMwari.

¹⁶ Zvino, svondo inouya, Ishe vachitendera, Muvhuro unouya, Muvhuro wesvondo rinouya, kana Mwari vachida, ndiri kudzorera mhuri kuArizona kwavanoenda kuchikoro, ndobva nda—ndadzoka.

¹⁷ Zvino, handiendi kunze uko. . . Handina masevhisi ekunge ndiri kunze uko. Handiwanzi kunge ndiri muArizona. Ndinenge ndiri kumwe. Ndinotora mudzimai kunze uko, Muvhuro unouya. Ndiri kudzoka kuno zvakare. Ndichabva pano ndichienda kuBritish Columbia. Ndodzoka kuColorado. Ndinenge ndiri kuArizona zvakare imwe nguva pedyo neKisimusi, kwemaminitsi mashoma, akareba zvokuti. . . pamwe mazuva maviri kana matatu, kuisa mhuri pamwe chete, ndobva ndadzoka kuno pazororo reKisimusi, Ishe vachida, tova nesevhisi kusvika musvondo yose yokutanga kwegore kuno.

¹⁸ Saka zvino ndiri pano, zvokutova pano, kazhinji. Ndiri pano kakapetwa kagumi kupfuura zvandinoita kunze uko, nokuti hatina chechi kana masevhisi kunze uko, hapana chimwe chinhu kunze uko, saizvozvo, nenzira yesevhisi yomuchechi. Ndicho chinhu chimwe chazvakashatira pamusoro pazvo. Handina nzvimbo yokuisa vana kuti vanzwe Mharidzo idzi, sezvinoita vana venyu pano, uye—uye ndiro dambudziko rimwe ratinano. Asi vose vane hutano huri nane. Kune mamiriro ekunze akaoma, anopisa, akaoma, asi vana vose vanoratidzika sokunge vane hutano huri nane. Handiko nguva refu zvakakwana kuti ndinyatsoziva kuti izvi zvine utano here kana kuti hazvina. Ini, ndinogara ndichifamba, uye ini—ini—ini ndinofungidzira kuti ndakazvarwa ndiri mufambi.

¹⁹ Mudzimai wangu anondidana...ndinoziva ari pano, saka ndichatora izvi mushure mechechi, mese munoziva. Zvinonzi chii, mhopo dzinohuvhuta, kana kuti chamupupuri, kana kuti—kana kuti, munoziva, jecha rinopupurutswa? Kana kuti, ndinogara ndichifamba, nokumwe kutaura. Zvino ndakachata, ndava nemakore makumi maviri nemaviri, asi dzimwe nguva ndinonzwa sokunge ndiri muenzi mumba mangu, nokuti ndinogara ndichifamba.

Asi ndakatarisira nguva apo patichazenge tagara zvokusazofambafamba kuNyika yokumusha rimwe zuva. Asi zvino hondo iri kuenderera mberi, saka ngatigarei tichinamata.

²⁰ Musakanganwa, svondo inouya mangwanani, Ishe vachida, huyai nevanorwara venyu nevanotambudzika. Kurumidzai kuuya, mowana pokugara, uye dzimwe nguva pachange pane boka rinoda kunamatirwa. Tichapa makadhi okunamatira. Kana asingakwani, hatizopi makadhi okunamatira, kana paine vanhu vanongokwana bedzi makumi maviri nevana kana makumi matatu nevatanzhatu vanobva vangoita mutsetse, kana zvakadaro. Asi ti—tichapa makadhi okunamatira dzimwe nguva, saka tichazviita nguva ingangoita awa sevhisi yedu yemazuva ose isati yatanga, izvo zvandinofunga kuti zvinotora...Kusvikira nguva ichange yava yesere, yesere kana kuti maminitsi makumi matatu mushure menguva dzesere, ndipo pavachapa makadhi okunamatira; vovhura chechi, vopa makadhi okunamatira eSvondo mangwanani. Zvino iva nechokwadi kuti uvepo pano kuti uwane...Hunzai vadikanwa venyu, muvapiuze muno. Munenge makanaka uye muchitonhorera muno muchechi, kana vachirwara, uye tichaita zvose zvatinogona kuti tivanamatire.

²¹ Ndinokutendai, zvakare, nokuda kwechipo cherudo.

²² Uye zvino tave kuverenga rimwe reShoko raMwari, usiku huno, uye ivai makagadzirira chiitiko ichi choHupo hwaKe zvakare kuti Huuise Shoko raKe kwatiri. Zvino, tinoziva kuti tinogona kuverenga zvakanorwa, asi Mwari ndiye unofanira

kuzarura zviri makanyorwa. Maona? Tinogona kuverenga, asi Mwari unofanira kuzarura zviri mukati mezvakanorwa. Uye zvino pamuri kuvhura muBhuku raJeremiya, chitsauko chepiri.

²³ Ndinoda kuti nditi ndine mufaro kuti tina, pakati pedu, Hama Lee Vayle, hama inokosha munaShe. Uye ndinofunga pano, hama iri pano, ndiri kukanganwa zita rake, Hama Willard Crase. Uye ndaona hama dzabva kuArkansas, Hama John nevamwe, vabva kunzvimbo dzakapoteredza Poplar Bluff, uye neHama Blair. Uye, o, Hama Jackson, neHama Ruddell, uye vazhinji va—vandisingagoni. . . Ndinoshuva kuti dai ndaigona kutaura zita romunhu wese, asi handizvigoni, uye imi munozvinswisisa. Hama Ben Bryant, ndiri kuvaona vakagara apa; ivo ndivo vanogara vari kona yangu yamaameni pandinenge ndichi. . . Munhu wose anoziva Ben nokuda kwenzwi rake. E-he.

²⁴ Isu, takagara muCalifornia imwe nguva, ndakanga ndichiparidza Mharidzo kuvanhu veBaptisti kumusoro uko mumupata. Vakanga vakamisa tente huru ipapo, uye pakanga paine mhando yechiBaptisti vakapfuma. Handina kana “ameni” yandakambonzwa imomo; munoziva, vachitya kuti vamwe vemadzimai avo vaizoita kuti pendi idonhe kubva pazviso zvavo. Uye zvino, chokutanga munoziva, ndakaona tsoka mbiri dzairatidzika *sezvozo*, dzava mudenga, namavoko maviri makuru, nevhudzi dema richizunzwa ipapo, pachidanidzirwa, “Ameni,” achidanidzira saizvozo. Zvino ndakatarisa ndikaona, ndikati, “Ben, wabva nepi?” Wanga achinyatsoita “ameni.”

²⁵ Ndikaona mudzimai wake achimutarisa, zvokubiridzira. Zvakanaka, rimwe vhudzi rake dema riri kupera, asi zvakanonaka, munoziva. Musanetseka pamusoro pazvo. Neni ndakadarovo, pane rangu, nguva refu yapfuura.

Saka, zvino, musakanganwa kunamata.

²⁶ Zvino tave kusvika pachikamu chekuremekedza sevhisi, rangarirai, kana tikaverenga Shoko iri, zvino Mwari anobva aropafadza Shoko raKe. “Harizodzokeri kwaAri risina zvaraita, asi Rinozadzisa icho charakananga.” Uye ndinoziva, mukuverenga Shoko, ndinogara ndakarurama. Pandinoverenga Shoko, Mwari anobva aremekedza Shoko raKe.

²⁷ Zvino ngatisimukei mukuremekedza Shoko raKe. Jeremiya, chitsauko 2, ndima 12 ne13 dzaJeremiya 2.

*Shamiswa, O. . . nezvizvi, iwe matenga, utye zvikuru
vhwundutswe, uve dongo, ndizvo zvinotaura Jehovha.*

*Nokuti vanhu vangu vakaita zvinhu zviviri
zvakaipa; vakandisiya ini chitubu chemvura mhenyu,
vakazvivakira matangi, matangi akatsemuka,
asingagoni. . . asingagoni kuchengeta mvura.*

Ngatikotamisei misoro yedu zvino.

²⁸ Mwari munodikanwa, Shoko reNyu raverengwa. Zvino tinonamata kuti Imi muremekedze Shoko iroro Mugotipa usiku huno mufananidzo kana kuti chinoenderana naRo; apo tichitarisa mazuva apfuura, Israeri, semienzaniso, sezvinoreva Bhaibheri richitidzidzisa kuti tinokwanisa kuona zvaMakaita kwavari pavakaterera Shoko, toona zvaMakaita kwavari pavasina kuterera Shoko, uye todzidza kuti isu tinofanira kuita sei. Saka, tinonamata kuti Imi Muchataura nesu manheru ano nenzira yakasanangurwa, kuti tizive mazvibatiro atinofanira kuita muzuva rino, sezvatadzidza mangwanani ano atiri kurarama. Takumbira izvi muZita raJesu. Amen.

Garai henyu pasi.

²⁹ Kwe—kwekanguva kapfupi, ndinoda kutaura usiku huno pamusoro penyaya inoti: *Matangi Akatsemuka*.

³⁰ Israeri yakanga yaita zvinhu zvakaipa zvikuru zviviri. Mwari wakati vakanga vaMusiya, Chitubu choUpenyu, uye ndokuzvivakira matangi avaizonwa kubva maari. Zvino, icho ndechimwe chinhu.

³¹ Chikonzero ndafunga musoro wenyaya uyu ndechokuti zvinofambirana nezvandanga ndichitaura mangwanani ano, zveguva yatiri kurarama mairi, uye Donzvo ratiri kurwira.

³² Uye tinotarisa Israeri somuenzaniso, kuti, zvaiva Mwari, anoramba akangova saizvozvo. Uye pane chinhu chimwe chete bedzi icho Mwari chaanogara achiremekedza, ndicho, nzira yaKe yaAkapa vanhu. Uye pose pavaibva munzira iyoyo, Mwari wainge azvidzwa, saka Mwari waizoita kuti vanhu varwadziswe nokuda kokubva pane zvaAinge avaudza kuti vaite, zvisinei kuti chii.

Akavapa murairo, “Musagunzva, musabata, musaravira.” Chakanga chisiri chisakarurama chokungozviita izvozvo, asi chokusaterera zvainge Avaudza kuti vaite. Uye nguva dzose hapagoni kuva nemurairo pasina chitarafu chemurairo. Nokuti, kana pasina chitarafu, naizvozvo, murairo hauzovi nezvizhinji zvaunoreva kana usina chitarafu. Murairo!

³³ Zvino, tinoona kuti, zvavakaita muzuva iro zvinoda kuenderana nezvatiri kuita nhasi, zviri kuitwa nevanhu vechechi.

³⁴ Zvino pano tinoona chinhu chinoshamisa. Zvingangogona kushamisa vamwe vanhu, paAkati, “Imi, ivo, vakazvivakira matangi, matangi akatsemuka.” Zvino, dzimwe nguva vamwe venyu havazivi kuti tangi chii. Vangani vanoziva kuti tangi chii? Zvakanaka, vazhinji venyu. Kana wakakurira papurazi, unoziva kuti tangi chii. Ndinorangarira ndichimwa zvipembenene zvakanakanda kubva mune rimwe, kuti—kuti ndizoziva zviri—zviri tangi.

Ndakaparidza kunze uko kumaruwa, mumusasa, umo mawaiwana dende rakazara nemvura yomutangi, iyo—iyo mvura inenge yanaya, munoziva, ndokubva yaita sokuti garei irimo kwenguva. Uye—uye zvipembenene, panguva dzousiku, zvaipinda mariri. Saka ndinoziva kuti mvura yomutangi yakaita sei.

³⁵ Ta—tangi i—inzvimbo, chinhu chinocherwa pasi, chitora nzvimbo yetsime. Vanhu pavanenge vasina tsime, ipapo vanoshandisa ta—tangi. Namamwe manzwi, chirongo itangi rakagadzirwa navanhu kana kuti itsime riri pasi rakagadzirwa navanhu, rakacherwa navanhu, kuitira kuti ribate mvura, icha—ichashandiswa. Vamwe vavo vanoishandisa semvura yekuwachisa, imwe yacho inoshandiswa semvura yokunwa, nenzira dzakasiyana, dzimwe nguva. Mvura yose pane imwe nguva, yataichera, yaibva mutangi. Paiva nechinhu chawaikurunga, uchitenderedza, uchitenderedza, uchitenderedza, uchitenderedza, kuitira kuti mvura ikwire; paine magaba ipapo, okucheresa mvura kubva mutangi.

³⁶ Zvakanaka, tinocherechedza chinhu chimwe chete pamusoro petangi chakasiyana netsime. Zvino, tangi rinopera mvura. Ta—ta—tangi harigoni kuzvizadza rimene. Hari—hari... Hatigoni kuvimba naro. Haugoni kuvimba netangi. Rinotovimba nokuzembera pakunaya kwemvura inonaya muzhizha kana kuti muchando, kana nguva ipi zvayo... Kazhinji, munguva yechando panonaya chando nemvura, mvura ndipo painoyerera ichipinda mutangi. Uye kana rikasawana mvura iyo, hau—haugoni kuva nemvura zvachose. Yose—yose... inooma. Zvino harigoni kuzvizadza pacharo. Tangi iri harigoni kuzvizadza pacharo. Rinozadzwa ne—nemvura dzinonaya.

³⁷ Uye ndinoda kuti mucherechedze chimwe chinhu pamusoro petangi. Kazhinji, munowana kuti, kana kuti sezvazvakanga zvakaita kwedu, tangi... Kazhinji danga rine ukuru hwakapetwa kaviri paukuru hwemba, uye kazhinji mvura inoerera kubva pamusoro pedanga, ichipinda mutangi. Ndinorangarira tangi rekare kunze uko, apo... apo—apo mapaipe anodira mariri, zvakare, achibva pamusoro pedanga. Rinozadzwa kubva pamusoro pedanga.

Saka naizvozvo mvura inoerera kubva pamusoro pedanga redanga; apo, zvipfuwo zvose pazvinenge zvichifamba—famba mudanga, uye tsvina yose yomudanga inopwiritika yondomhara pamusoro pedanga, munguva iyo kwakaoma. Uye zvino mvura inouya yosuka zvose izvi kubva padanga, kupinda mugata rakagadzirwa navanhu, kupinda mupombi yakagadzirwa navanhu, yozopinda mutangi rakagadzirwa navanhu. Uye kana usati wakambova nemasanganiswa etsvina, handizivi hangu chaunenge wava nacho, paunenge wava netangi. Hongu, changamire! Zvose zvakagadzirwa navanhu, uye zvakasviba zvisingambobviri.

³⁸ Munoziva, taizviti..Taiisa mucheka wekusefa nawo pane rimwe rawo. Munoziva here kuti chaiva chii ichocho? Taitoisa mucheka pariri, kuti tibate zvipembenene zvose nezvimwe zvaibva pamusoro pe—pedanga, nemunzvimbo dzose dzakapoteredza nzvimbo iyo, ichierera kubva pane imwe nzvimbo ichienda pane imwe nzvimbo, ichizopinda mutangi. Uye taigara tichiisa mu—mucheka wokusefa pariri, kuti tibate tsvi—tsvina nemarara zvataigona. Kunyangezvo, izvozvo hazvaigona kubata tsvina chaiyo, zvaingobata chete tsvina hombe dzaidonha dzichiuya kuzowira mariri. Chipembenene chaigona kuwirapo, asi mvura dzechipembenene dzairamba dzichienda nemvura. Saka, pai—paizova nemusanganiswa wetsvina chaiwo mukati metangi iri rekare rakasviba.

³⁹ Mumazuva mashoma, mvura iyoyo iri imomo, inotanga zvino kuora. Ukarega mvura irimo mutangi, inoora. Uye inotanga kuzara ma—matatya, nemadzvinu, nenyoka. Uye taisizviti “maburuvuru,” zvinhu zviduku..handizivi..Harisi jemisi, i..handigoni, handizivi kuti munozvidaidza kuti chii. Asi ndechimwe chinhu chidiki chinopinda mumvura, ta—taichiti maburuvuru. Munoziva kuti chii. Vangani vanoziva kuti chii chandiri kutaora pamusoro pachu? O, sei, zvirokwazvo, imi mose vanogara kumaruwa munozviziva. Inova yakazara nokuora, uye zvose izvi zvinofarira mvura yakaora zvinouyamo. Zvinotouya zvamazvirokwazvo, nokuti yaora. Uye nokuti yaora, inodhonza chipuka imomo chinofarira zvinhu zvakaora.

⁴⁰ Ndizvo chaizvo mukuzara kwazvo zvakafanana namachechi edu nhasi. Ndinofunga kuti takasiya..Chimwe chezvivi zvikuru zvaitwa nechechi nhasi, sezvakaita Israeri paya, kumusiya, Chitubu cheMvura mhenyu, kwava kuzvivakira matangi akagadzirwa navanhu. Uye hwava ugaro hwechose chinofarira mvura yakafanana naiyoyo. Madzvinu, matatya, nemhando dzose dzemajemisi akasviba, zvinogaramo, nokuti itangi rakagadzirwa navanhu. Uye mutangi iri zvinhu izvi ndimo mazvinogara, muenzaniso chaiwo wemasangano edu nhasi.

⁴¹ “Zvino,” unoti, “Hama Branham, sei muchirova vanhu avo zvakaomarara kudaro?”

Zvinofanira kurohwa. Zvinofanira kurohwa. Zvitizei, nokuti zvichazopedzisira zvaumba mucherechedzo wechikara. Rangarirai, ichi ndicho Chokwadi! Uchange uri mucherechedzo wechikara. Sangano ndiro richatungamirira kupinda chaimo mauri. Riri munzira chaimo kuenda ikoko zvino, kukumanikidza, nesimba.

⁴² Tarisai kuhumambo hweRoma hwekare. Ndizvo chaizvo zvakavatungamirira kusvika pamucherechedzo wokusiya manamatiro chaiwo. Munoono kuti munhu haaigona kutenga kana kutengesa asina mucherechedzo uyu wechikara. Waifanira kutova nawo.

43 Pane mapoka maviri bedzi avanhu achange ari panyika; avo vane Chisimbiso chaMwari, uye avo vane mucherechedzo wechikara. Mapoka maviri bedzi, saka uchava mune rimwe kana kuti rimwe racho. Kunenge kuri kutsauka pakunamata kwechokwadi, mu—mucherechedzo we—wekunamata, kunamata kwakatsauka.

44 Uye kuchava nemufananidzo wechikara. Apa tiri kunzvera, tinoona kuti Roma yaimbova, iri, uye ichagara iri, muche- . . . kana kuti, chikara. Ndizvo chaizvo. Hapana imwe nzira yatinouwana nayo. Roma!

45 Uye Roma yakaitei? Yakashandurwa kubva paRoma yechihedheni ikava Roma yokunamata, ndokubva yaronga maitiro ezvinhu, maitiro ezvinhu pasi rose, awo aimanikidza munhu wose pakunamata kumwe chete ikoko kana kuti aiuraiwa.

46 Uye chinhu chinoshamisa kuti United States painoonekwa, inoita segwayana. Uye gwayana iri rine nyanga duku mbiri, kodzero dzezvematongerwe enyika nedzokunamata. Uye tinoona kuti mushure mechinguva, gwayana iri, parakatanga kutaura rakataura sechikara uye rakashandisa simba rechikara chakanga chiripo risati ravapo. Uye Bhaibheri rinotiudza kuti, vakati “Ngatiitei mufananidzo wechikara.” Mufananidzo chinhu chakafanana nechimwe chinhu. Uye tinogona kuzviona iye zvino kuti, mudanho rayo rokubva pakunamata kwechokwadi, chechi dziri kuita Mubatanidzwa Wechechi Dzepasi rose, unova mufananidzo wesimba reRoma; uye uchamanikidza vanhu chinhu chimwe chete chaitwa neRoma yechihedheni . . . kana kuti Roma yokunamata zvayakaita. Saizvozvo, hapana imwe nzira, hapana chimwe chinhu. Asi icho ndicho Chokwadi.

47 Ndiko kusaka ndichizvirova muzera rangu, munguva yangu, nokuti zvinofanira kurohwa. Kudaidzira kwakauya, kuchiti, “Budai mukati mayo, vanhu vaNgu, kuti musava vadyi pamwe chete vezvivi zvake!”

48 Zvino, ndiri kufananidza izvo, kumatangi awa akasviba ane tsvina. “Iye ndiye Chitubu cheUpenyu. Ndiye Mvura mhenyu.” Uye vanhu vanosiya Izvozvo, vazvivakira matangi anongogona bedzi kubata tsvina. Ndizvo bedzi zvaanogona kubata. Uye ndizvo zvakaitwa namasangano; anobata zvose zvinouya zvichida kujoina. Anoda kuzvitora zvopinda maari kana zviine mari kana kuti zvichigona kupfeka nemamwe mapfekero. Hazvina basa kuti ndivanaani, vanobvepi, vanongovatora, zvakadaro.

49 Zvino tinoona, zvakare, kuti, mucherechedzo wechikara uyu wakaumbwa muno. America, inhamba, yegumi nenhату. Yakazvarwa iine matunhu gumi nematatu. Yaiva nemureza une nyeredzi gumi nenhату, mitsetse gumi nemitatu. Uye iri

muchitsauko 13 cheZvakazarurwa. Uye America yakagara iri mudzimai, semafananidzirwe azviri pamari yedu yemasirivhera. Kunyangwe musoro wevechiIndia, papeni, mufananidzo wemudzimai. Tinozviziva izvozvo, tinoziva nhoroondo yazvo. Zvose, Bhera reLiberty, nezvimwe zvose, rusununguko... Statue yeLiberty, zvose, mudzimai. Mudzimai; nhamba yegumi nenhathu. Maona? Zvino, zvaka—zvakanaka kuona zvinhu zvose izvo.

⁵⁰ Uye zvino ndakafanoreva nechizaruro chinobva kuna Mwari, kana kuti nechiratidzo muna 1933, kuti zvinhu zvinomwe zvichaitika kuguma kusati kwavapo. Uye kuti, chinwe chazvo, ndechokuti, “Mussolini,” uye wakanga ava kuzoita mutongi anotonga nechisimba, “kuti waizova mutongi waitonga nechisimba. Uye, zvakare, waizopinda muEthiopia zvechisimba, opamba Ethiopia. Uye Mweya, Wakati, ‘Ichawira patsoka dzake.’”

⁵¹ Handizivi kana paine mumwe wevekare ari muno mutabhenakeri, anorangarira ndichitaura izvi muno muRedman Hall zasi uko patakaparidza, makore mazhinji-zhinji, kwazvo. Aripo here mumba muno, usiku huno, wakasara kubva paRedman Hall yekare pandakaparidza izvozvo, apo veN.R.A., pavakauya kareko munguva dzaRoosevelt paakatanga kutonga? Ndinofungidzira kuti hapana kana mumwe zvake arimo muno. Aripo here mumwe chete? Hiya, hiya, mumwe, aripo uyo. Hongu, Amai Wilson, ndinovarangarira. Mudzimai wangu, akagara kumashure uko. Vaviri vasara, kubva muzera reavo vezuva iro.

Izvo, ndipo pavakati N.R.A. ndiwo waiva mucherechedzo wechikara, ini ndikati, “Hapana zviripo apo; hazvisizvo. Mucherechedzo wechikara hauuyi pano. Unobva kuRoma. Uye haungavi mucherechedzo wechikara.”

⁵² Uye zvino rangarirai kuti zvinhu izvi zvakataurwa. Zvikanzi, “Adolf Hitler uchava nemagumo asinganzwisiki. Uye uchadenha pachena hondo neUnited States. Uye vachavaka chivakwa chi—chi—chikuru chekongiri, chokuti vanenge vachitogara machiri. Uye ipapo vekuAmerica vachaurawa zvakaipisisa, pachiri.” Zvino wakanga uri mutsetse weSiegfried, makore gumi nerimwe vasati vatanga kuchivaka. Uye zvakare zvakanzi, “Uchasvika pamagumo; uye States ndiyo ichakunda muhondo iyi.”

⁵³ Uye zvakanzi, kuti, “Pane maism matatu achavapo; Nazism, fascism, uye communism.” Uye ndakati, “Zvose zvichazobatana zvoita communism. Russia ichazvitora zvose, zvoita communism.”

⁵⁴ Uye ndakati, “Zvesainzi zvichakurumbira zvikuru, munhu uchava neuchenjeri hwakanyanya, uchagadzira zvinhu zvakawanda kusvikira uchagadzira motokari inoratidzika sezai, iine chinhu chinoratidzika segirazi pamusoro payo, uye ichange

ichityairwa nerimwe simba risiri rehanduro.” Zvino vatova nemota iyoyo.

⁵⁵ Uye ndakati, “Ipapo mazvibatiro emadzimai edu achadonha kusvika pazvinhu zvinoshoreka, kusvikira vachanyadzisa kune dzimwe nyika dzese. Vachapfeka hanzu dzevarume. Vacharamba vachibvisa hanzu dzavo kusvikira zvoita sevasara nehanzu dzomukati bedzi, dzoga. Uye, pakupedzisira, vachazosvika pavanenge vakapfeka shizha romuonde bedzi.”

Uye kana mukacherechedza, mumagazini re*Life* remwedzi wapfuura, maiva nemudzimai akanga akapfeka mashizha omuonde. Uye ndiyo hanzu yemanheru, kana kuti chipfeko chamanheru, izvo zvanopfeka manheru; zvinoonesa mukati, zvaunogona kuona nemazviri, mashizha bedzi omuonde anogona kungoviga kamwe kanzvimbo kemutumbi wake; nezvinenge zvisina tambo, kana kuti midya, hanzu dzokushamba nadzo dzisina tambo, kumusoro kwacho, mutumbi uri pachena. Uye zvinhu izvi zvakatoitika zvakadini!

⁵⁶ Zvino ndakati, “Ndakaona mudzimai achisimuka muUnited States, akaita samambokadzi mukuru kana chimwe chinhu. Uye wakanga akanaka pakumuona, asi akaipa kwazvo mumwoyo make. Uye akaita kuti nyika ino ifambe, ifambe sezvaaida iye.”

⁵⁷ Zvino ndakati, “Pakupedzisira, Akandiudza kuti nditarise kuMabvazuva zvakare. Uye, pandakadaro, ndakaona, chairatidzika sokunge, sokunge pasi rose rakanga raputika. Uye sokuona kwose kwandakagona kuita, hapana chakasara kusara kwezvimiti, uye—uye matombo ari kungopwititika utsi anga aputiswa kubva pasi mukati menyika.”

Uye zvinhu izvi zvakanga zvichifanira kuitika nyika isati yaguma. Uye zvisihanu zvezvinomwe izvi zvakatoitika, mumakore makumi matatu nematatu. Hepanoi patava, tadzokera kunguva yokuguma!

⁵⁸ Uye ndakataura ndichipikisana nemaitiro emasangano ipapo chaipo. Uye nanhasi ndichiri kungotenda, usiku huno, kuti iroro idziva retsvina, kuti iyo inzvimbo munoererera tsvina. Handitendi kuti Mwari angatora chinhu chakadaro seChechi yaKe, nokuti inofanira kuzvarwa noMweya waMwari ipapo yocheneswa isati yadaidzwa kunzi yaKe. Mutumbi waKristu wapaMweya, tinobhabhatidzirwa maUri nokubhabhatidza koMweya Mutsvene.

⁵⁹ Hongu, maitiro etangi iri zvamazvirokwazvo muenzaniso chaiwo wesangano. Munhu akachenjera anofanira kutarisa, uye orega zvachose kupinda mariri, nokuti Mwari wakazviratidza nomumazera ose kuti Anopokana naro uye haasi kuzomboshanda naro. Boka ripi zvaro. . . Nguva yose munhu paaisimuka aine mharidzo, saLuther, Wesley, nevakadaro, naSmith, naCalvin, nevamwe; pavaitanga kuita sangano, Mwari waingovaisa pasherufu orega kuzovashanyirazve nerumutsiriro.

⁶⁰ Tarisai nomunhoroondo. Hapana kana nguva apo Mwari akatora sangano, akaita rumutsiro kubva mariri, hakuna. Zvino, munhoroondo nomuBhaibheri, zvinoratidza kuti chinhu chakasviba pamberi paMwari, saka handidi kuwana chokuita naro. Ndosaka ndichiripikisa. Ndiri kuedza kuti vanhu vabude kubva mariri.

⁶¹ Tinokokwa, seIsraeri, saka ndiiko zvino, patinofanira kutarisa kuIsraeri semienzaniso. Ivo, pose pavaigara neTsime iroro, vakanga vari mugwara rakarurama. Asi pavakatanga kuzvivakira matangi, maitiro akagadzirwa navanhu, ipapo Mwari wakavasiya pachena. Uchatiitira zvimwe chete. “VakaMusiya, Chitubu cheMvura dzinorarama.” Ndiko kunyunyuta kwaiva naMwari pamusoro pavo. “Kugadzira chimwe chinhu chavaigona kuti, ‘Munoona zvataita!’”

⁶² Zvino, apo panguva yoku—yokufamba kwaMosesi; apo Mwari, nenyasha, akanga avapa muporofita, avapa Shongwe yoMoto kuti ivatungamirire, aZvisimbisa nezviratidzo nemashura. Nyasha dzakanga dzavapa zvinhu zvose izvi. Israeri yaingoda, yaingona murairo. Vakaramba nyasha, vakatora murairo.

Ndizvo chaizvo zvinoitwa navanhu nhasi. Vanoramba Shoko, kuti vatore maitiro emasangano, nokuti mukuita izvi vanogona kuita zvose zvanoda uye hapana chinovakanganisa. Asi haungazviiti izvi uri muna Kristu! Unotofanira kuuya pachena uye zvakajeka, kuti upinde muna Kristu.

⁶³ Kusiya chitubu, uchienda kumaitiro nematangi zvakagadzirwa navanhu, ungafungidzirawo here kuti munhu angaita zvakadaro? Ungafungidzirawo here danho repfungwa dzemunhu anogona kunwa kubva pachitubu chinopa mvura ichangobuda, wobva wosiya ichocho achienda kumatangi akagadzirwa navanhu ane matatya, nemadzvinyu, nemaburuvuru, nezvose mariri?

Hazviratidzi pfungwa dzakarurama, asi ndizvo chaizvo zvaitwa navanhu. Vasiya Shoko, Chitubu chazvokwadi chaMwari uye Simba, kuti vanwe kubva mumatangi, uye kuzviitira matangi. Zvangofanana nezvavakaita ipapo, ndizvo zvavaita nhasi. Vanoti . . .

Akati, “VakaNdisiya.” Pano Akati, pano muna Jeremiya 2:14, kana kuti 13, ndingati. Akati, “VakaNdisiya, Chitubu cheMvura mhenyu.”

⁶⁴ Zvino, tinoona kuti tangi chii. Tinoona zvarinobata. Tinoona kuti rakagadzirwa sei. Chinhu chakagadzirwa navanhu chinobva padenga rakasviba. Mvura inonaya, inorova padenga rakasviba, yongosuka denga iroro, yorerera ichidzika nomugata rakagadzirwa navanhu, nomupombi yakagadzirwa navanhu, ichipinda mutangi rakagadzirwa navanhu. Tsvina dzose dzinopindamo, ne—nemajemisi, nemadzvinyu, nematatya,

nezvinhu zvepasi, zvinofarira izvozvo. Zvino, cherechedzai, imhuka dzine tsvina; maburuvuru, muzvakaora. Buruvuru harikwanisi kugara mumvura yakachena. Rikagaramo, rinofa. Rinofanira kunge riri mumvura iri kuora.

⁶⁵ Ndizvo zvazviri nemajemisi aya nhasi. Haukwanisi kugara mumvura mhenyu dzeMweya Mutsvene. Ndicho chikonzero vanopikisa Shoko zvakasimba, voti, “Rinozvipikisa paCharo. Hapana zviripo paRiri.” Imhaka yokuti vanoda kuve neduhwinho remvura iri kuora rokushambira mariri. Zvakanaka.

Ndizvo zvimwe chete namatya, uye nemadzvinu, uye nemaburuvuru, uye nezvakaita saizvozvo. Anofanira kuenda munzvimbo ine machakwi kana kuti dziva rine mvura yava kuora, kuti zvirarame, nokuti hunhu hwazvo ndehwokurarama makadaro. Uye haugoni kushandura mhuka kusvikira washandura hunhu hwayo.

Uye haugoni kuita kuti munhu aone Shoko raMwari kusvikira hunhu hwake hwashandurwa; uye kana hunhu hwake hwashandurwa kubva pane zvaari, kuti ave mwanakomana waMwari, uye Mweya Mutsvene wopinda maari. Mweya Mutsvene wakanyora Shoko raMwari!

⁶⁶ Nhasi ndanga ndichitaura neshamwari yangu yakanaka, Chiremba Lee Vayle, varipo pano izvozvi. Uye mudzidzi chaiye weBhaibheri, uye kazhinji tinenge tinavo—tinavo tiine hurukuro dzakanaka paMagwaro. Vakachenjera chaizvo.

Uye imwe nguva vakandivhunza zvandaifunga pamusoro pechiratidzo chokutanga chokuva noMweya Mutsvene, “Kwaiva here kutaura nendimi?” Patova nemakore mazhinji apfuura.

Ini ndakati, “Kwete; handioni saizvozvo.”

Ivo vakati, “Neniwo handizvioni,” ndokuti, “kunyangwe ndakazvidzidziswa saizvozvo.” Vakati, “Ko imi munofunga kuti chinyi chiratidzo?”

⁶⁷ Ini ndikati, “Chiratidzo chakanyanyokwana chandinofunga pamusoro pachu rudo.” Uye takatanga kutaura pamusoro pazvo.

Uyezve ndakafunga kuti zvairatidzika zvakanaka saka ndakabata pana izvozvo, “Kana munhu aine rudo.”

Asi Ishe rimwe zuva, muchiratidzo, vakanditwasanudza. Uye vakati, izvo, “Chiratidzo choMweya ndeavo vanogona kugamuchira Shoko,” harusi rudo, kana kutaura nendimi, asi kugamuchira Shoko.

⁶⁸ Uyezve Chiremba Vayle vakanga vachiti kwandiri, vakati, “Izvozvo zviri muMagwaro,” vakati, “nokuti, muna Johane 14, Jesu akati, ‘Kana Iye Mweya Mutsvene wauya pamusoro penyau, Uchazarura zvinhu izvi kwamuri, zvandakakudzidzisa, uye uchakuratidzai zvinhu zvinouya.’”

Saka hechinoi chiratidzo chazvokwadi choMweya Mutsvene! Haasati ambondiudza zvisiri izvo kwete. Kuti, “Ichi chiratidzo choMweya Mutsvene, ndouyo anogona kutenda Shoko.” Munogona kuUgamuchira.

Nokuti, Jesu haana kumboti, “Kana Mweya Mutsvene wauya, muchataura nendimi.” Haana kumboti, kana Mweya Mutsvene wauya, muchaita chimwe chezvinhu izvozvo. Asi Wakati, “Uchatora zvinhu izvo zvaNgu ozviratidza kwamuri, uye uchakuratidzai zvinhu zvinouya.” Saka hechinoi chiratidzo chamazvirokwazvo choMweya Mutsvene, maererano naJesu Pachake.

⁶⁹ Saka kose kutekenyedzwa uko nezvinhu izvo vanhu vanonzwa uye vachingorarama mararamiro ose, munokwanisa kuona kuti sei vachidaro. Maona, rinobva rava sangano, kana kuti dziva remvura iri kuora, uye hapazombovi nesangano rakaumbwa pamusoro pe- . . . peShoko raMwari rakakwana. Haringagoni kudaro, nokuti haungagoni kusanganisa kana kuti kuita Mwari sangano. Kwete, changamire!

⁷⁰ Chikonzero ndechokuti, unotora boka revanhu vanogona kutenda Shoko, vabva vatanga sangano. Chokutanga munoziva, mushure megore panenge pava neboka ravanaRicky imomo vausingagoni kuudza zvokuita. Ndivo vanotonga, uye hapana zvaunogona kuita pamusoro pazvo. Haasiwo maitiro aMwari. Haasiwo, saka tinoziva kuti chinhu ichocho chiri kunze. Chinobva chava tangi, uye inobva yava nzvimbo apo munhu wose acharerutsa pane *ichi*, *icho*, kana *chimwe*, kuti nhengo dziuyemo, kana kuti vanhu vauyemo.

⁷¹ Tinoona kuti, maitiro awa akatanga imwe nguva, kumashure uko pamazuva eVaIsraeri, pavaigadzira matangi awa. Uye pakanga paine munhu neboka raVaFarisei vakanga vagadzira mamwe matangi. Uye vaiva nomurume wainzi Herudhe, uye wakanga ari mutungamiriri, gavhuna wenyika.

Iye wakauya zasi uko kuzonzwa munhu wakanga asingawirirani nemasangano avo. Waiva muporofita. Uye hakuna kumbova nomuporofita akava nechokuita nesangano, asi wairivenga. Muporofita uyu wakatanga kuti, “Musati mukati menyu, ‘Tina Abrahamu sababa vedu,’ nokuti ndinokuudzai kuti Mwari unogona kumutsira Abrahamu vana kubva pamatombo awa.”

⁷² Uye vakaunza anoremekedzwa kuti amunzwe. Zvino muremekedzwa uyu wakanga atora mudzimai womunin’ina wake kubva kwaari, ndokubva amuroora. Zvino chii chakataura murume uyo paakauya pamberi pechiso chake? Vakafunga kuti ucharerutsa, agoti, “Zvino, changamire, imi, mune chigaro chakaisvonaka *pano* apa. Uye munofanira . . . Uye ndine mufaro kuti mauya kuno kuti muzondinzwa nhasi.”

Johane wakangofamba ndokusvika pamberi pechiso chake, akati, “Pamurairo haufaniri kuroora mudzimai uyu.” Chokutanga chaicho chaicho, akamutsiura nokuda kwechivi chake.

⁷³ Munoona, masangano anogadzira madziva ane mvura iri kuora umo murume anogona kurarama namadzimai, uye iwo madzimai achingoenderera mberi, nokugera vhudzi ravo, nokupfeka zvikabudura, nezvose hazvo, uye vachizviti maKristu.

Asi Chitubu chamazvirokwazvo, hareruya, cheSimba raMwari, hachigoni kumirira izvozvo, nokuti Chinozvisaidzirira kunze. “Ndini Chitubu cheMvura mhenyu. VakaNdisiya, kuti vazvicherere matangi.”

⁷⁴ Zvino, tsime remvura mhenyu, tinoona kuti, tsime remvura mhenyu chii? Taona kuti tangi chii, zvino ko tsime remvura mhenyu chii? Chitubu.

“Chitubu, chii ichocho, Hama Branham?”

Itsime rinogara richitubuka nguva dzose kubva pasi richisairira mvura yaro kunze. Inenge ichierera nguva dzose. Inozvibudira yoga. Inogara nguva dzose ichifetera uye yakachena, chitubu, itsime remvura mhenyu. Hachina kufa kana kuora. Chipenyu, uye chinogara chichingoshanduka, chichiuyisa zvitsva nguva dzose, chichigara chichidaro, chichitora kubva kwachinoinwana. Chinitora zvachinopa kubva—kubva pasi paisingaperi, chinova... chinoramba chiri tsime remvura mhenyu dzinotubwidiswa dzichikwira. Chinozvichenesa; chakachena, hachina tsvina, imvura yakachena. Chinozvibudisira mvura chega; haufaniri kumirira mvura inonaya kuti izadze tangi racho. Chinogara chichitubwida, chichipa mvura yacho pachena. Haufaniri kuchipomba, kuchikurunga, kuchimonyorora, kana kuchijoina. Chinongova tsime remvura mhenyu.

⁷⁵ Munoziva, mukatora matangi ekare awa, unofanira kuakurunga nokuakurunga nokuakurunga, nokuapomba uye nezvose, kuti uwane mvura shoma iyoyo iri kuora kuti ibude. Hu!

Asi Tsime reMvura mhenyu rinoIpa, pachena, pasina kuipomba, kujoina, kana chimwe chinhu zvakare. O, ndinofara nokuda kweTsime iri! Hongu, changamire!

⁷⁶ Haridi chokusefa nacho paRiri, kubvisa majemisi. Nokuti, Inobva kwakanyanya kudzika, zasi ikoko muDombo, zvokuti hakuna majemisi imomo.

Hapafaniri kuva nedhende redzidzo rakarembodzwa paRiri, ndizvozvo, mamwe maitiro akagadzirwa nenyika ezivo yesangano rakagadzirwa nevanhu; kuti rikuudze, pamberi pemunzveri wepfungwa, kuti unogona kuparidza

here kana kuti kwete. Harina rimwe ramadhende akasviba awa akarembere paRiri. Rinorisaidzirira uko ipapo chaipo parinenge rangoiswa pariri. Haugoni kuzviita. Tsime iri rinenge richingotubwida, nguva dzose. Ukaisa rimwe ramadhende awa pariri, rinorikandira kunze kudivi rimwe kana kuti rimwe divi. Harina nguva yedhende remasangano pamusoro paro.

⁷⁷ Haridi chinosefa, haridi chinomimina, haridi chinopomba, haridi chinozunza, haridi kana chimwe chinhu zvacho. Rinongovapo, richingotubwida. Harifaniri kumirira mvura dzinonaya munzvimbo iyi kuti rizare. *Mvura* “rumutsiriro,” apo Tsime. . . Ndipo pane Tsime roUpenyu. “Pane Mutumbi, ndipo panoungana zvapungu.” Haufaniri kupomba rumutsiriro kuti ruvepo; haufaniri kupomba chimwe chinhu. Chaunofanira kuita kungouya bedzi kuTsime. Nguva dzose rinenge rakazara nemvura inonaka, mvura inofefetera, uye haRina magumo kwaRiri. Rinogara richingotubwida.

⁷⁸ Haufaniri kuenda kutangi, woti, “Zvakanaka, kana mvura ikanaya ikaerera pamusoro pedanga, tichawana chokunwa.” Maona? Ini zvangu, ini zvangu! Kwete izvi. Chitubu ichi chiri kungosvipa mvura inonaka, mvura inotonhora nguva dzose. Munogona kuvimba nacho. Hamufaniri kuti, “Zvakanaka, regai hangu ndiende kutangi rekare iri. Taisimbonwa kubva kwariri, asi pava nenguva refu kusati kwanaya. Rega ndikuudze, rinogona kunge raoma.”

⁷⁹ Ndizvo zvazvakaita nemaitiro awa mamwe akaitwa navanhu. Unogona kupinda mukati, kana une chimwe chinhu chikuru chauri kuita, chirongwa chikuru chakavanda chokutengesha zvimwe zvinhu, kana kuti—kana kuti imwewo mhando yechimwe chinhu chiri kuitika, mapati mahombe nezvinhu zvichiitika, mitambo yamakasi, nemapati muimba yapasi, uye zvimwe zvose, unogona kuwana imba yakazara.

Asi ukaenda apo Tsime iri parinenge richitubwida, nguva dzose, vanhu vanenge vachiwana mvura inonaka, inotonhorera. Unogona kuvimba naRo! Ungati, “Havasati vamboita rumutsiriro kwemakore gumi.” Kana uchirarama neTsime iroro, Rinongokuitisa rumutsiriro runongoenderera mberi nguva dzose.

⁸⁰ Sezvakataurwa nomurume muduku wekuWales. Kana kuti, imwe nguva paiitika rumutsiriro rwekuWales, pakanga paine vanoremekedzwa vakava kuStates. Vamwe vemaDoctors of Divinity vakuru vakaenda kuWales, kuti vandoona kuti ndepi uye kuti chii chaivapo pamusoro pazvo zvose izvi. Saka vakaenda vakapfeka collar dzavo dzakatarisa kumashure, nehete dzavo, uye vachifamba vachidzika nomugwagwa.

Zvino pakauya mupurisa muduku ipapo, achitenderedza tsvimbo yake yechipurisa muruvoko rwake, achiridza muridzo, “Apo pamuchinjikwa Muponesi wangu akafa, apo ndakachema

kuti ndicheneswe kubva pachivi; apo kumwoyo wangu Ropa rakaiswa, Zita raKe ngarikudzwe,” achifamba achidzira nemugwagwa.

Saka vakati, “Uyu unoita somunhu anonamata. Tichaenda tinomuvhunza.”

Ivo ndokuti, “Changamire!”

Akati, “Hongu, changamire?”

Iye akati, “Tabva kuUnited States. Tiri boka rine chinangwa. Tauya kuzonzwisisa zviri maererano nerumutsiriro rwekuWales, rwunonzarwo navanhu. Tiri maDoctors of Divinity, uye tiri pano kuruongorora.” Iye akati, “Tinoda kuziva kuti rumutsiriro urwu rwuri kupi, uye kwarwuri kuitirwa.”

Iye akati, “Changamire, matosvika. Ndini rumutsiriro rwekuWales.” Ameni! “Rumutsiriro rweWales rwuri mandiri. Pano ndipo parwuri.”

⁸¹ Ndizvo zvazviri kana uchirarama neTsime reMvura mhenyu. Dzinorarama nguva dzose, dzichitubwida nokutubwida, nokutubwida nokutubwida. Hapana magumo paRwuri. Kwete, “Endai munoono kana mune mvura, kana kwakambonaya nguva shoma yapfuura kuno,” hazvisiri izvo. Itsime iro remvura mhenyu. Sezvandataura, rinopa Mvura dzaRo pachena.

⁸² Haufaniri kuisa dhende paRiri, kuti uone kuti; mamwe madhende edzidzo, musati mamutuma kundoparidza kunze, uye nokuona kuti anoperetera manzwi ake zvakanaka here, achiataura zvakanaka, nokushandisa mazita ake nemasazita, nezvakadaro, nemadudzirazita. Vazhinji vavo havatombosivi kuti ivo ndivanaani, asi ari kurarama ari paTsime zvakadaro, maona, zvakangofanana.

⁸³ Harifaniri kuvimba nemvura dzinonaya munzvimbo iyoyo, kuti rizare, kana kuti rumutsiriro rwenzvimbo iyoyo, kuitira iro. Harifaniri kuita izvozvo, nokuti simba raro uye kuchena kwaro kuri mukati maro. Ndipo pane Shoko, Simba raRo pacharo! Kana munhu akaRigamuchira mumwoyo make, Rine kuchena kwaRo. Rine simba raRo. Riri muShoko Pacharo, richibudisa Upenyu.

⁸⁴ Israeri payaibva kwaRiri, vaipinda mudambudziko. Nguva yose pavaibva kwaRiri, vaipinda mudambudziko.

Zvimwe chete sezvatinoita nhasi. Rumutsiriro parunongobva Ipapo, zvino harusisina chakanaka. Runozvicherera mamwe matsime, uye, kana kuti mamwe matangi ane mvura iri kuora, uye zvofamba saizvozvo.

⁸⁵ Asi Waigara achingovabatsira. Kunyunyuta kwepaGungwa Dzvuku, zvino pavakanyunyuta...Kunyange zvakadaro, mazviri izvi zvose, Wakanga avavimbisa, aita vimbiso kwavari. Angadai akavadzoserera kwavakabva ipapo,

pamatarisire atingazviita; asi Akanga avimbisa kuti achavatora ovayambutsira mhiri ikoko.

Chii chaAkaita? Ivo vana vaIsraeri, Akavapa Shongwe yoMoto nezvose, kuti asimbise, muporofita wavo. Uye akavatungamirira ikoko kunze kugungwa. Uye, nguva dzose, pane dambudziko kupikisana naYo. Uye pano Farao wakauya nehondo yake. Uye munoziva kuti Mwari wakaita sei? Wakangovhura tangi iro dzvuku, rine mvura iri kuora.

Dead Sea ndicho chinhu chakanyanya kufa pasi rino rose. Rakanyatsofa. Rakaora. Hapana chinogona kurarama mariri.

Uye Wakarivhura ndokuvasunungurira, mhiri uko. Akavatora ndokuvaisa uko kwavaisazombofanira kusungwa nechinhu chakaita saichocho.

⁸⁶ Murenje, vakaona kuti havaigona kuvimba namatangi; akanga akaoma. Vakaona kuti, vaibva pane rimwe tsime vachienda pane rimwe. Pavakanga vari murenje, vaiziya nenzara kusvikira parufu, vachida mvura yokunwa. Uye vaienda kutangi iri apo, chidziva; vowana rakaoma. Voenda kune imwe nzvimbo; yainge yakaoma. Hvana kumbofunga kuti vaizombofa vakawana mvura zvakare.

Uyezve panzvimbo isingafungidziriki zvachose murenje rose, ndipo pavakawana mvura. Yaiva mudombo. Yaiva mudombo. Nzvimbo isingatarisirwi zvachose nemunhu kuti angawana mvura, mudombo rakaoma riri pakati perenje. Asi, munoona, Mwari unoita zvinhu zvakafanana naizvozvo. Munzvimbo isinganyanyi kutarisirwa, munzira isinganyanyi kutarisirwa. Ndzivo zvatakagara tinazvo.

⁸⁷ Vanofunga kuti unofanira kuva nemasangano makuru, ari pamwe chete, uye ose oungana pova nevanhu vazhinji vanomira-mira ipapo, nezvakadaro, uye pouya zvuru zvinouya kuzotsigira, uye vose sezvizi, kuti pave nerumutsiro.

Dzimwe nguva Mwari unotora kamudhara kasingatombozivi ABC, uye pakati peboka revanhu vasingagoni kuverenga vasingazivi ruvoko rwavo rwerudyi ruchipatsanurwa kubva kune rworuboshwe, Anogona kusimudza rumutsiro runozunza pasi rose. Akazviita munguva yaJohane. Akazviita munguva yavaporofita. Hapana kana mumwe wavo, sokuziva kwatinoita, wakanga akadzida, asi Mwari waivabata oita chimwe chinhu navo.

⁸⁸ MuDombo iri makabuda mvura. Waiva Dombo. Uye Akaraira dombo iri, uye raifanira kurohwa. Uye Akapa mvura isina tsvina, inofefetera, yakachena kumunhu wese waida kunwa. Akaponesa vose vaida kunwa kubva kwaRiri. Muenzaniso wakanyatsokwana unoenderana naJohane 3:16.

*...Mwari wakada nyika, kuti wakaipa
Mwanakomana wake mumwe chete, ...ani nani*

*anotenda kwaari arege kufa, asi anove neupenyu
husingaperi,*

⁸⁹ Mwari wakarova Dombo iroro, paKarivhari. Kutongwa kwedu kwakanga kuri pamusoro paKe, kuitira kuti kubva kwaAri kugouya Mweya woUpenyu kwauri nokwandiri uchipa Upenyu Husingaperi. Ndiwo mufananidzo waRo wakakwana, ipapo murenje iri.

⁹⁰ Havaifanira kudhonza, kuchera, kupomba, kana kuita chimwe chinhu; asi kungodya panzira yaKe, pachena. Apo, havaifanira kuchera kubva muchidziva. Vakanga vasingafaniri kuidhonza ichikwira nebhagidhi. Vakanga vasingafaniri kuibudisa nendirai. Vaingofanira kuinwa chete.

Uye ndizvo zvose zvinofanira kuvapo nhasi. Haufaniri kujoina chimwe chinhu. Haufaniri kuuya paaritari wozvishanda chimwe chinhu, kuchipomba. Haufaniri kudzokorora shoko zvakare uye zvakare uye zvakare, kusvikira yava nyonga nyonga yomutauro. Chinhu bedzi chaunofanira kuita ndechokungonwa kubva paAri, pachena, nzira yaMwari yaakapa. Hapana kupomba, hapana kusaidzira, hapana chinhu chinoitwa; ingотора kubva paRiri, pachena. Hapana chaunofanira kuita; ingonwa kubva paRiri. Ndiko kuti, tenda kwaRiri bedzi. Ndizvo zvandingangoreva pazviri.

Hapana chavaifanira kuita pamusoro paro. Havaifanira kuricherera. Havaifanira kupfugama vorichemera, usiku hwose. Vakangonwa kubva kwari; rakarohwa uye ranga rakagadzirira. Ndizvozvo chaizvo.

⁹¹ Ndakatarisa murume zvino, akagara mukamuri riri kumashure uko muno. Ndinorangarira ndichimuudza kuti, tiri padanga rekare rimwe zuva, panodyira zvipfuwo.

Uye iye akati, “Asi ini handina kunaka.”

⁹² Ini ndikati, “Ndinoziva kuti hauna.” Uye ndikati, “Neniwo, handina.” Asi ndakati, “Iwe uri kutarisa zvauri. Zvino chiregera kutarisa zvauri, uye utarise zvaAri.”

Akati, “Kana ndikangokwanisa kusiyana nemidzanga yefodya iyi, Hama Branham, ndi—ndi—ndingava muKristu.”

⁹³ Ndikati, “Usairegera. Uri kuedza kuva munhu akanaka uye wozouya kwaAri. Haana kuuya kuzoponesa vanhu vakanaka; Wakauya kuzoponesa vanhu vakaipa vanoziwa kuti vakaipa.”

Iye ndokuti, “Zvakanaka . . .”

Ini ndikati, “Terera, haudi kuenda kugehena, unoda here?”

Iye akati, “Kwete.”

⁹⁴ Ini ndikati, “Zvakanaka, haufaniri kuendako. Akafa kuitira kuti iwe usaendako.”

Iye akati, “Ndinofanira kuita sei?”

Ini ndikati, “Hapana. Zviri nyore saizvozvo.”

Iye akati, “Asi dai ndikangogona . . .”

⁹⁵ Ini ndikati, “Hona watanga, wadzokera kumudzanga yefodya uya zvakare. Rega kufunga pamusoro pemudzanga yefodya uyo. Ingorangarira, funga pamusoro paKe, zvaAkaita, zvaAri; kwete zvaUri iwe. Iwe hauna kunaka; hauna kumbogara wakanaka, uye hauzombovi wakanaka. Asi, zvaAri, Iye Ndiye!” Uye ndakati, “Zvino, chinhu chimwe chete chaunofanira kuita; kana Akatora nzvimbo yako zasi uko, iwe chigamuchira nemufaro zvaAkaita. Chinhu chimwe bedzi chaunofanira kuita kungozvigamuchira.”

“Sei,” iye akati, “zviri nyore izvo. Ndichaita izvozvo.”

⁹⁶ Ini ndikati, “Pano tine rukova.” Maona? Ndakamuuyisa pano ndikamubhabhatidza muZita raJesu Kristu.

Vamwe vevanhu vake vakagara pano, uye ndi—ndinoziva kuti vakaita manzwiwo asina kunaka pamusoro pangu nekuda kwezvandakaita izvo, asi ndaiziva zvandainge ndichiita. Ndakaona murume uyu chimwe chinhu chaiva chamazvirokwazo. Ndakawanisa kuchiona ipapo, ndokubva ndamutora ndokumubhabhatidza muZita raJesu Kristu.

Uye, patakaita izvozvo, hazvina kutora nguva refu mushure ndisati ndadzika kuimba yomwanakomana wavo. Takaona chi—chiratidzo chemuti uchityoka pane imwe nzvimbo, murume uyu achidonha, achipotsa atyoka musana wake. Akatorwa ndokuendeswa kuchipataro. Uye usiku ihwohwo Ishe vakazarura, kwandiri, kuti ndipo pakanga paperera midzanga yefodya.

Saka zuva rakatevera wakanga achida midzanga yefodya. Ini ndikati, “Regai ndimutengere ktoni ndimuvigire. Cherechedza uone, mazuva ake emidzanga yefodya apera.” Haana kuzomboputa kana umwe chete zvakare kubva ipapo, uye haana kana kuzomboda umwe zvakare. Mwari!

⁹⁷ Munoono, chokutanga chamunofanira kuita kuuya paTsime iro. Munofanira kuuya paMvura idzo, mooni kuti hachisi chimwe chinhu chamunogona kuita. ndezvaAkakuitirai. Hamufaniri kuchera; hamufaniri kupomba; hamufaniri kusiya *ichi*; hamufaniri kuregera *icho*. Chinhu bedzi chamunofanira kuita kuendapo bedzi mobva manwa. Ndizvozvo chete. Kana muine nyota; inwai!

⁹⁸ Zvino, Waiva Dombo. Mwari wakaMurova nokuda kwedu, uye Akabudisa mvura zhinji dzisina tsvina, dzakachena. Achiri kudaro, nhasi, kune wose anotenda. Idzi ndidzo nyasha dzaKe, chaidzo, kuvanhu vaKe, isu.

⁹⁹ Pane chimwe chinhu chakafanana neapo, sevanhu vanhasi, vakagadzirira kugamuchira chavanenge vagona kuwana, asi vasingadi kushandira izvozvo mukutsiva. Israeri yanga yakagadzirira ku—kunwa kubva mudombo zvino, asi vakanga

vasingadi kushandira Mwari kumushandira kwakanga kwakaMufanira.

¹⁰⁰ Uye Iye anogara Achitishandira nguva dzose. Munoziva, hatigoni kana kufema pasina Iye. Hatigoni kufema kana Mwari asina kutiitira izvozvo. Ndiko kuzembera kwatakaita paari. Uye, kunyange zvakadaro, tinopotsa tagurika napakati kana tikaedza kuita, kuMuitira chimwe chinhu. Iye anotikumbira kuita chimwe chunhu, kuenda kundoona mumwe munhu, kuenda kundonamatira mumwe munhu, kuenda kundobatsira mumwe munhu, zvinopotsa zvatityora, kuti tizviite. Asi isu hatina chatinoda kuMuitira pakuMushandira.

¹⁰¹ Kunyunyuta kwake kwaiva kokuti, “VaNdisiya, Shoko; uye vagamuchira matangi akatsemuka, pachinzvimbo changu. Gamuchirai. . . Vandisiya Ini, Tsime roUpenyu, Tsime reMvura yoUpenyu; uye vanoshuva uye vangatoda kunwa kubva mutangi rine mvura yakaora.” Mungafungidzira here zvakadaro?

¹⁰² Mungafungidzira here munhu zvino, kuti, *pano* pane chitubu chiri kubudisa mvura yakanaka, yelime stone, ichibva pamwoyo wematombo chaiwo, kubva zasi uko mujecha, nezvakadaro, ichitonhora uye ichinaka sezvainogona kuva; uye voda kunwa kubva mutangi riri uko, rine mvura yakaerera kubva pamusoro pedanga, nemashedhi, uye nedzimba dzese kunze uko dzakapoterera panzvimbo? Uye yoiswa mutangi imomo, apo mvura inoerera netsvina ichipinda imomo chaimo, ichibva padanga, panodyirwa nepanochengeterwa zvipfuwo, uye nepane zvose ichierera ichidzokera mutangi, uye ipapo toda kuga- . . . kunwa kubva imomo tichirega kuenda kunonwa kuchitubu icho? Panenge pane chakatsveyama mupfungwa dzomunhu iyeye. Ndizvozvo.

¹⁰³ Uye zvino kana murume kana mudzimai akatora sangano omira naro, rinotendera kugerwa kwevhudzi, kupfeka zvikabudura, kuzvipenda-penda, nedzimwe mhando dzose idzi dzezvinhu, neimwe mhando ye-yehurongwa, uye nokungoregera zvose zvichingoitika, uye nokuenda kunorohwa mabhora, ne-nezvimwe zvose zvisina musoro kunze uko, uye nokugona kungotendera zvakadaro; uye nezvakadaro kupfuura zvanoinoita paShoko raMwari rekare rinotema richiwisira pasi uye richiveza, uye richiita madzimai akadzikama kubva pamadzimai, uye richivatora nokuvaita kuti vapfeke zvakanaka nokuzvibata zvakanaka, nokutora midzanga yefodya nefodya, nokupika nokutuka, nokunyepa nokuba, kuzvibvisa kubva kwamuri, uye nenyika yose kubva kwamuri, uye nokukupa chimwe Chinhu chinopa kugutsikana kwakakwana. Ko murume kana mudzimai ungatsvagirei kunyaradzwa kubva muchinhu chakafanana naichocho? Ko ungawana sei kunyaradzwa kubva muchinhu chakadaro?

¹⁰⁴ Ko ungawana sei kunwa kwanakanaka kubva mutangi rine mvura iri kuora? Ko sei munhu . . . Kana munhu akaenda kutangi riri kuora kuti andowana chokunwa, ipo paine chitubu chiripo, ungati, “Pane chimwe chinhu chakakanganisika nepfungwa dzemunhu iyeye.”

Uye kana mukadzi kana murume akaenda kunzvimbo yakadaro kuti awane kunyaradzwa, pamweya wake pane chimwe chinhu chakakanganisika pamunhu iyeye. Havadi Shoko. Zvinoratidza kuti hunhu hwavo huchiri hwedatya, kana buruvuru, kana chimwe chinhu, ndizvozvo, chimwe chinhu chine hunhu hwakadaro hunoda dziva rine mvura iri kuora, nokuti zvinhu zvakadai hazvigari mudziva rine Mvura yakanaka. Hazvigoni kudaro; iMvura yakanaka. Hazvigoni kudaro.

¹⁰⁵ Zvino, kunyunyuta ndekokuti, “VakaChisiya.” Uye nhasi vakaita chinhu chimwe chetecho.

Zvino tarisai mudzimai wepatsime. Zvakanaka, mudzimai akauya patangi raJakobho, uye wakanga achichera mvura ipapo nguva dzose, patangi raJakobho. Asi tangi raJakobho, sangano, tingaridana tichidaro, nokuti wakachera matatu awo; uye rino iri ndiye wakanga arichera. Zvino, mudzimai wakanga aine rungano rukuru. Akati, “Zvino, baba vedu Jakobho, vakachera tsime iri. Iye wakanwa kubva mariri, nemombe dzake dzakanwa kubva mariri, nezvose. Izvozvo hazvina kunaka zvakanwana here?”

¹⁰⁶ Iye akati, “Asi nemvura yamunochera kubva pano, uchanzwa nyota zvakare, unofanira kudzoka pano kuti uzoichera zvakare. Asi,” akati, “Mvura dzandinopa iTsime, Chitubu chinotubuka kubva mukati, uye hauzouyi pano kuti uIwane. Inenge iri pauri.”

¹⁰⁷ Cherechedzai. Asi mudzimai paakaona kuti Tsime reMagwaro ranga rataura naye, nechiratidzo cheMagwaro chaakanga achitsvaka, akasiya maitiro esangano raJakobho akasazodzokazve kwariri, nokuti wakanga awana Dombo chairo. Maona? Akamhanyira muguta. Wakanga apedza nechivi. Wakanga asisiri mudzimai wakaipa. Akati, “Huyai, muone Uyo wandaona, Murume Anditaurira zvinhu zvandakaita. HaAsiye here Kristu chaiye?” Mudzimai. . . Tangi iro raigona kunge rakanaka; rakanga rashanda basa raro. Zvino mudzimai wakanga asvika paTsime rechokwadi. Tangi rakanga rakanaka kusvikira Tsime rechokwadi razovhurwa. Asi Tsime rechokwadi parakauya, tangi rakarasikirwa nesimba raro. Mudzimai akawana kuti pane nzvimbo iri nane yokunwa.

¹⁰⁸ Uye pane nzvimbo iri nane. Pane nzvimbo iri nane, uye ndimo muna Kristu. Muna Johane Mutsvene 7:37 ne38, Jesu akati, pamagumo emabiko ematabhenakeri, “Kana munhu aine nyota, ngaauye kwaNdiri, anwe.”

Vose vakanga vachifara. Vakanga vaine mvura shoma yaisvipwa ichibva pasi pearitari, uye—uye vose vakanga vachinwa kubva pairi, vachipemberera, ma—mabiko. Uye akati, “Madzibaba edu akanwa kubva mudombo repamweya murenje.” Maona, vakanga vazvigadzirira tangi, imwe mvura yakanga ichiora yavakanga vapomba kubva pane imwe nzvimbo, uye ichibuda ichibva pasi petembere ipapo. Uye vose vaitenderera pamvura iyoyi nokuinwa, vachiti, “Makore apfuura, madzibaba edu akanwa kubva murenje.”

Jesu akati, “Ndini Dombo rakanga riri murenje.”

Vakati, “Takadya manna yakabva Kudenga, uye Mwari waiinayisa ichidzika.”

¹⁰⁹ Akati, “Ndini Manna iyoyo.” Iye, Tsime iroro, wakanga akamira pakati pavo. Chingwa choUpenyu icho chakanga chakamira pakati pavo.

Asi zvakadaro vakanga vasingaRidi. Vaitoda havo tangi ravo; nokuti, munhu wakanga agadzira *iri*, uye Mwari wakanga atuma Iro. Ndiyo siyano chaiyo. Vakazvicherera matangi!

¹¹⁰ Iye akati, “Kana munhu ane nyota, ngaauye kwandiri, anwe.” Iye ndiye Tsime iroro.

Uye sezvakareva Magwaro, “Kubva maari muchaerera nzizi dzeMvura mhenyu.” O, Iye ndiye chitubu ichocho! “Kubva maari, kana kuti kubva mumunhu wake womukatikati, muchaerera nzizi dzeMvura mhenyu.”

¹¹¹ Iye ndiye Dombo riya rakanga riri mu... Ndiro rakava Dombo raHagari, munguva yokutambudzika; apo mwana wake paakanga oda kufa, paakanga adzingwa kubva mumusasa, uye paakanga aina Ishmaere mudiki kunze uko. Mvura yake, yaiva mutangi raakanga atakura, yakanga yaperera. Iye ndokuradzika Ishmaere mudiki pasi; ndokufamba kuenda uko, pangasvika museve kana wapfurwa, ndokubva achema, uye, o, nokuti wakanga asingadi kuona mwana achifa. Uye kamwe kamwe, Mutumwa waShe wakataura, iye ndokuwana Bheeri... Bheerishebha, tsi—tsime raierera ipapo, uye richiri kuerera nanhasi. Wakava Bheeri-Bheerishebha raHagari, Dombo kunze uko murenje.

¹¹² Rakanga rakamira apa muTsime rizere neRopa, zuva iro, rakamira imomo mutembere. [Hapana chinhu patepi—Mupepeti]...nguva yedutu. Muna Zakaria chitsauko 13, Iye waiva Tsime rakazarurwa muimba yaDhavhidha, kuitira kuchenesa, uye kuitira (chivi) kucheneswa kwechivi. Iye ndiye waiva Tsime iroro. Uye muMapisarema 36:9, Ndiye waiva Tsime roUpenyu raDhavhidha. Achiri Tsime iroro muimba yaDhavhidha.

Uye ndiye muna nyanduri, mumwoyo make apo. Nyanduri akati:

Pane Tsime rizere neRopa,
 Rakaerera kubva mutsinga dzaEmanuere,
 Apo vatadzi vanoshamba pasi pemafashamo,
 Vosukwa makwapa ekunzwa mhosva kwavo.

Iye ndiye Tsime iroro reUpenyu, Tsime reMvura. Iye iShoko raMwari.

¹¹³ Vanhu vemazuva ano okupedzisira vaMusiya, Shoko rechokwadi, Mvura yeUpenyu; vakazvigadzirira matangi amasangano; uye, zvakare, vakagadzira, vakachera!

¹¹⁴ Uye zvino tinoona kuti, vava nematangi akatsemuka. Uyezve tangi iri rakazara namajemisi asingatendi, kuzvikudza kusingatendi, zvirongwa zvedzidzo, uye zvakadaro, izvo zvinopesana nevimbiso dzaMwari. Vapokani veShoko.

¹¹⁵ Zvino, matangi awa avanawo, Bhaibhere rakati, “akatsemuka.” Matangi *akatsemuka* kureva matangi “anovhinza,” uye inosinina ichibuda. Irikuita sei? Irikusinina ichipinda mudziva retsvina dzokunamata rinonzi Kanzuru yaMachechi ePasi rose. Uye ndiko kwavari kutungamirirwa netangi rakatsemuka, zvose nokuda kokuti vakaMusiya, uye vaka. . . Tsime reMvura mhenyu; uye vakazvigadzirira matangi awa.

¹¹⁶ Vakachera maitiro emaseminari makuru ekudzidza, dzidzo, nezvakadaro. Ndiyo mhando yamatangi avarikuchera nhasi, okuti munhu unofanira kuva nePh.D., kana kuti LL.D., kana kuti Bachelor of Art, kana zvimwe, asati aenda kunoparidza. Matangi akazadzwa nedzidzo yeBhaibheri yakaitwa navanhu. Vanovatora vovaisa muzvikoro zvikuru izvi zvedzidzo, uye imomo vanovazadza nedzidzo dzavo dzeBhaibhere dzakaitwa nevanhu, ndokuzovatuma kunze vaine izvozvo. Izuva rakadini ratiri kurarama mariri, matangi akagadzirwa navanhu! Hapana dambudziko. . . Ndiko kusaka chinhu ichi chava chi—chinonhuwa, o, ini zvangu, imhaka yokuti vanhu vanonwa kubva machiri.

¹¹⁷ Uye zvino vanhu nhasi kana vachida mufaro, vanoita sei? Vanhu, pachinhambo chokugamuchira mufaro waShe, vanotendeukira kuchivi, kuti vave nemufaro. Vanhu vanoenda kuchechi uye vachiti varanda vaKristu, pavanzwa kusagadzikana chaizvo vanotungidza mudzanga wefodya. Uye kana ivo—kana vachida ku—kuwana kuvaraidzwa, vanopfeka hanzu dzavo dzisina hunhu vobuda uye vocheke uswa apo varume pavanenge vachipfuura napo, kuitira kuti vavaridzire muridzo. Vanoita zvose kuti vawane mukurumbira. Vanoda kuratidzika sevatabi vemumafirimu. Ndiwo mufaro wavo.

Apo, Jesu akati, “Ndini kukwana kwezvavanoda.”

Chikonzero vachienda kune izvozvo, ndechokuti havadi kunwa kubva muTsime iro. VakaRiramba. Havadi kunwa kubva maRiri. Vanozvibanidza nemamwe maitiro akagadzirwa

nemunhu, imwe mhando yetangi yakazara nemhando dzose dzezvinhu zvakaora, zवानogona kuenda pazviri saizvozvo.

¹¹⁸ Nezuro, takaenda nevana kurwizi. Ndinotenda kuti waiva musi weMugovera mangwanani. Takadzika ikoko; Billy wakanga achiredza ari muchikepe. Uye ndakatora vana vaduku, muzukurukomana wangu muduku nevamwe, mwanasikana wangu, uye mwanakomana wangu muduku, uye takaenda kurwizi ku—kundokwira chikepe. Hawaigona kukwira chikepe murwizi urwu, nokuda kwekusviba, tsvina, vanhu vasina maturo variko kurwizi, vasina kunyatsopfeka uye vachingoita madiro. Chikepe chakauya pedyo nesu, pane boka revaduku vemakore gumi nemaviri-, gumi nemana vakomana, mumwe nemumwe wavo akabata gaba redoro muruvoko rwake, nemudzanga wefodya. Vanozviti “kuvaraidzwa.” O, ini zvangu! Pasi rino richaramba riripo kusvika rini, paine maitiro akadai?

¹¹⁹ Zvino kuti vazvisunungure kubva papfungwa dzokuti pavachafa vachaenda kugehena, chinhu chavanoita ndechokuti, vanoenda vonojoina rimwe ramatangi awa akagadzirwa navanhu. Saka mhando iyoyo yavanhu imwe chete inenge iri yetangi iroro. Hachisi chinhu kusiya bedzi kweboka renyika yakasviba, maburuvuru ane tsvina. Uye vanozviyananisa pachavo naizvozvo, sezvaitaura mai vangu vachembera vachiti, “Shiri dzine minhenga mimwe chete dzinobhururuka pamwe chete.” Havauyi paTsime kuti vazvichenese kubva paupenyu hwechivi. Vanoda kurarama kunze uko, uye vachiramba vakabata chapupu chokuti ivo maKristu. Nemhaka yei? VakaMusiya, Tsime remufaro, Upenyu, Upenyu hwakakwana uye kugutsikana. Ndicho chikonzero vakazviita, nokuti vanoda kujoina. Vane imwe mhando yevanhu ikoko vanotenda kuzvinhu zvakadaro.

¹²⁰ Pano imwe nguva shoma yapfuura, Hama Fred neni, naHama Tom, boka redu takaenda kucheche yeBaptist inozikanwa muno muguta reTucson, kuti tione kuti hataigona here kuwana chimwe chinhu chiduku pamwe chingatipa kunzwa kufefetera. Uye mushumiri akataura chimwe chinhu pamusoro pevanhu vari muEgipita, apo pava kabva vakanga vachidya gariki nezvakadaro, vakanga vava kuda kudzokerako kuti vandoidya zvakare. Akati, “Ndizvo zvakafanana nevanhu nhasi.”

Uye, isu, munhu wose akati, “Ameni!” Handisati ndamboona boka rakadaro! Chechi yose yakarega kutarisa muparidzi vachicheuka kuti vaone kuti ndiani akanga ati “ameni.” Zvakavatyisa zvakanyanya. Vakanga vasingazivi kuti chii.

Apo, Dhavhidha akati, “Itai ruzha rwekufara kuna Ishe. Murumbidzei nerudimbwa! Murumbidzei nemutengeranwa! Chose chinofema ngachirumbidze Ishe. Uye imi rumbidzai

Ishe!” Mwari unofara muvanhu vaKe. Vakadzidziswa, ngavati, “Ameni,” kana paine chinhu chataurwa zvakanaka.

¹²¹ Seiko vasingafuratiri maitiro awa nematangi awa zvenyika, vachienda kumaitiro akatendeka aMwari, chinova chitubu, Jesu Kristu? Sei musingatendeukiri kwaAri, uko Mwari ari Iye mupi wedu wemufaro muzhinji, mupi wedu wekurumbidza kuzhinji, mupi wedu wekugutsikana kuzhinji? Kunyaradzwa kwetsinga dzangu kunobva kuna Mwari.

Kana ndichishushikana, ndinowana gutsikano yangu muna Kristu, kwete mumudzanga wefodya, kwete muzvinhu zvenyika, kwete mukujoina chimwe chitendwa; asi mukuMwana, Shoko rakavimbiswa iro raAkati, “Kana ndikaenda, ndichadzokazve kuzokugamuchirai.” Ndinowana mufaro wangu imomo. Iye ndiye Mufaro wangu.

¹²² Vanoti nhasi, kana majoina zvinhu izvi nokuita Kanzuru yeMubatanidzwa weChechi dzepasi rose, vanoti vachaita nzvimbo iri nane yokugara mairi. Pakuziva kwangu kwakatendeka, vachaita nzvimbo iri nane yokutadza vari mairi. Ndizvo. . . Chinhu ichi chose chivi, zvakadaro; chokuti vasarame machiri, asi chokuti vafire machiri. Kuchiita nzvimbo yokuti vatadzire machiri—vatadzire machiri, pachinhambo chokuraramira machiri.

¹²³ Chimwe chinhu chipi zvacho, kunze kwaJesu Kristu neShoko raKe roUpenyu, itangi rakatsemuka. Chinhu chipi zvacho chinoedza kuRitsiva; chinhu chipi zvacho chamungaedza kuita kuti chikupei rugare, chinhu chipi zvacho chamungaedza kuita kuti chikupei nyaradzo, mhando ipi zvayo yomufaro yamungaedza kuwana kubva kune chimwe chipi zvacho, chichitsiva Izvi, itangi rakatsemuka rakazara netsvina. Iye anopa gutsikano yakakwana.

¹²⁴ Ndinorangarira pano, zhizha mbiri dzapfuura, ndakabuda nemusu weseri kwemba. Pakanga paine kamwana kane musakanzwa kunze uko kakanditi, kakati, “Munoziva, chikonzero muchigara muchingotaura pamusoro pamadzimai saizvozvo, vachipfeka zvikabudura nezvimwe izvo,” akati, “nokuti mava mutana.” Akati, “Ndicho chikonzero zvakadaro.”

Ini ndikati, “Tarisa uone. Wava nemakore mangani?”

Akati, “Makumi maviri nemanomwe.”

¹²⁵ Ini ndikati, “Pandakanga ndiri mudiki kupfuura zvauro nemakore mazhinji, ndaingoparidza zvimwe chete.”

Ndakawana Tsime regutsikano. Iye ndiye chikamu changu. Amen! Nguva yose paanenge Iye achindipa izvozvo, ndirwo runako rwacho. Ndicho—ndicho changu. . . Ndiwo maitiro angu, kutarisa kwaAri, ndichitarisa ruvoko rwaKe ruchishanda uye ndichiona zvaAri kuita. Hapana rimwe tsime randinoziva!

O, kuerera kunokosha
 Kunondichenesa sechando;
 Hakuna rimwe tsime randinoziva,
 Hapana chimwe kunze kweRopa raJesu.

Pane Tsime rizere neRopa,
 Rinoerera kubva mutsinga dzaEmanuere,
 Umo vatadzi vanoshamba pasi pemafashamo,
 Vosukwa makwapa emhosva dzavo.

¹²⁶ Ndiri kukuudzai, hapana rimwe tsime randinoziva kusiya kweTsime iroro. Rakandichenesa pandakanga ndakasviba. Rinondichengeta ndakachena, nokuti ndinoda kugara ndiri paRiri chaipo, ndichinwa Mvura iyi inofefetera inozadza mweya wangu nemufaro.

Ndinogona kunge ndakanyatsoderera, uye ndichinzwa kunge handichagoni kuramba ndichienderera mberi... kufambazve rimwe raundi, hakuna kumwe kwandinogona kuenda; ipapo ndinogona kupfugama ndoisa rumunwe rwangu pavimbiso, ndoti, “Ishe Mwari, Ndimi simba rangu. Ndimi kugutsikana kwangu. Ndimi zvose-muna-zvose.” Ndinotanga kunzwa chimwe Chinhu chichitubwida kubva mukati mangu umu. Ndinobva ndabuda mumamiriro awa.

¹²⁷ Sezvo ndapfuura makore makumi mashanu okuberekwa, ndinomuka mangwanani, munoziva zvazviri, zvinonetsa kuti ubudise tsoka imwe hayo kubva pamubhedha. Ini zvangu, unotadza kuzviita; izvozvo paine munhu pamusuwo, achigogodza, kana kuti Billy achindiudza kuti pane nyaya inoda chimbichimbi, kune imwe nzvimbo kwandinotofanira kuenda. Zvino ndofunga, “Ndinozviita sei izvi?” Ndoedza kubudisa tsoka imwe.

Ndinofunga, “NdiMi Tsime rizere nesimba rangu. Amen! Simba rangu nerubatsiro rwangu zvinobva kunaShe. Ndimi chitubu changu! Ndimi hujaya hwangu! ‘Avo vanomirira panashe vachapuwa simba idzva; vachabhururuka nemapapiro sechapungu; vachamhanya, vasinganeti; vachafamba, vasingaperi simba.’ Ishe Mwari, iri ndiro basa rangu, rokuenda. Ndakadaidzirwa pabasa randinofanira kuita.” Uye chinhu chokutanga munoziva, chimwe Chinhu chinotanga kutubwida mukati mangu.

¹²⁸ Rimwe zuva, uko kune imwe nzvimbo diki, ndakanga ndine mitingi uko muTopeka, Kansas; pakanga paine mukomana ipapo, muparidzi wechidiki, mumwe wevakatanga kunditsigira. Hama Roy, vakagara apo, vanorangarira nzvimbo iyo. Imomo, munzvimbo huru iyo ipapo, pakanga pa—pa... Mushumiri uyu wakainda pasi pedenga remba kana imwe nzvimbo, madziro aive parutivi akamuwira akamutswanyira pasi pawo. Murume muduku uyu wakanga ava kuzofa. Chiropa chake chakanga

chaputika. Rwatata rwake rwakanga rwabva panzvimbo yarwo. Matani ezvinhu akanga amuwira.

¹²⁹ Ndakagara ndichidya kudya kwamangwanani, ndichitaura nomudzimai wangu. Ndakati, “Mudzimai wangu, unoziva, dai Jesu anga ari pano, unoziva kuti Waiita sei?” Ndikati, “Paakanditsigira, ‘Ndinotenda Shoko iroro,’ wakanga achitsigira Kristu.” Uye ndakati, “Ndiwo manomano adhiyabhorosi.” Ndakati, “Dai Jesu anga ari pano, waizoenda ondoisa mavoko aKe matsvene pamusoro pake. Mukomana uyu waibva apora. Handina basa nokuti chiropa chake chaputika. Waibva angopora, nokuti Jesu waifamba osvika achinyatsoziva kuti Iye Ndiye ani. Waiziva kudanwa kwaKe, Magwaro aitura izvozvo, achisimbisa maAri kuti Iye waiziva kuti Iye Ndiye ani, uye kwete... pasina kana mumvuri wekupokana. Waiisa mavoko aKe pamusoro pake, oti, ‘Mwanakomana, pora,’ famba ubude kubva imomo.” Uye ndakati, “Hakuna madhimoni akakwana mugehena kuti auraye mukomana iyeye, zvino.” Ndakati, “Waibva angopora.” Asi ndakati, “Unoona, mudiwa, Wakanga ari Jesu, mavoko matsvene aMwari.”

Ndakati, “Ini ndiri mutadzi. Ndakazvarwa nokuda kwekusangana komurume nomudzimai. Baba vangu naamai vangu vose vaiva vatadzi, uye ini handisi chinhu chakanaka.”

Uye ndakati, “Asi unozivei? Kana Ishe vakandipa chiratidzo nokundituma zasi ikoko, ipapo nyaya inenge yasiyana.” Ndikati, “Ndingabva ndaendako ndonoisa mavoko angu pamusoro pake, unobva amuka kubva pamubhedha iwoyo kana Andipa chiratidzo.”

¹³⁰ Zvino ipapo ndakatanga kufunga, “Mushure mazvo zvose, kana chaiva chiratidzo, chaiva chii? Aingova mavoko mamwe chete akasviba pamusoro pake, e-he, murume mumwe chete achimunamatira, mavoko mamwe chete akasviba.”

Ipapo ndakatanga kufunga, “Ndiri mumiririri waKe. Naizvozvo, Mwari haaoni ini. Ropa iro roMumwe chete wakarurama riripo paaritari kumusoro uko; rinondireverera. Ndiye kukwana kwezvandinoda. Ndiye munyengetero wangu. Ndiye Upenyu hwangu.” Ndikati, “Chinhu chimwe bedzi chingandiita kuti ndiise mavoko angu pamusoro pake, nokutenda, imhaka yokuti ndaiva nokutenda muchiratidzo. Asi pasina chiratidzo, kutenda kumwe chete kunongoita chinhu chimwe chete; saka ndinozvitora kuva chinhu pasina, asi ndoMutora kuva zvose-muna-zvose zvangu. Ndiye Upenyu hwangu. Ndiye Mutumi wangu. Hapana sangano rakandituma; Iye ndiye wakandituma. Hareruya! Ndinoenda muZita raKe. Ndonoisira mavoko angu pamusoro pake.” Ndakafamba ndikaendako ndikaisira mavoko angu pamukomana uyu, nousiku ihwohwo wakanga ari mumitingi, akakwana akasimba. Amen!

¹³¹ O, hongu, Ndiye Tsime iroro. “Hapana rimwe tsime randinoziva. Hapana kusiya kweRopa raJesu!” Ini ndiri chinonhuhwa, ndiri munhu asingarairiki, mumwe nomumwe wedu takadaro, asi pamberi paMwari takakwana. Je-... “Ivai naizvozvo vakakwana, saBaba yenyu vari Kudenga vakakwana.” Ungava izvozvo sei? Nokuti uyo Mumwe wakakwana unotimiririra ikoko. Tsime iro riripo zuva nezuva, richifefetedza. Kwete chimwe chinhu chisingaereri chiri kuora, asi chinofefetedza zuva nezuva, chinondisuka zvivi zvangu zvose. Iye ndiye Tsime iroro.

¹³² Zvino mukuvhara, ndingataura izvi. Chinhu chipi zvacho chinopesana neZvi matangi akatsemuka, uye achapedzisira achivhinza izvo zvamunenge maisa mariri; kana muchiisa tariro dzenyu dzose, nguva yenyu yose, nezvose, mune rimwe ramatangi aya ane mvura iri kuora. Jesu wakati aiva matangi akatsemuka. Mwari wakati, “Akatsemuka, uye achavhinza chipi zvacho chamunenge maisa maari.” Hakuna kure kwamunomboenda nawo, nokuti anovhinza. Nokuti Iye ndiye nzira bedzi yokusvika kuZvokwadi, kuUpenyu, uye kumufaro woKusingaperi, uye rugare rwoKusingaperi. Iye ndiye Mumwe chete bedzi nenzira imwe chete bedzi kuinda kune Izvozvo. O, ini zvangu!

¹³³ Tsime risingaperi roUpenyu ndiJesu Kristu. Nemhaka yei? Uye Iye ndiani? Shoko, rimwe chete; Shoko, Upenyu, Tsime, “mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Mutendi wechokwadi, ndiMo mune mufaro wake mukurusa, noUpenyu hwake hukurusa. Uye gutsikano yake hurusa iri muna Kristu. Pasina kupomba, pasina kudhonza, pasina kujoina, pasina kuvhinza; asi kungotenda nokuzorora. Ndizvo zvaAri kune vanotenda.

¹³⁴ Sababa Abrahamama; havana kumbodhonza, havana kumbopitika, havana kumboshushikana. Vakanga vane Shoko. Vakarara pachipfuva chaEl Shaddai. Apo Abrahamama paakanga ane makore zana okuberekwa, Mwari wakazviratidza kwaari, akati, “Ndini Samasimba.” Inzwi rechiHebheru rokuti *El Shaddai*, rinoreva kuti, “Uyo-Ane mazamu.” “Uye iwe wachembera, uye hausisina simba, asi ingorara pachipfuva chaNgu unwe simba rako kubva muTsime iri.” Amen! Wakamumwisa pai? Pamutumbi mutsva. Wakabva ava nemwana, naSara. Uye, makumi mashanu emakore mushure, wakazoita vamwe vana vanomwe nomumwe mudzimai.

¹³⁵ O, El Shaddai! Testamente Yekare inoratidza zvaAkaita, Testamente Itsva anotaura zvaAchaita. Amen! MuTestamente Yakare. . .

¹³⁶ Zvino mhengo yanyarara, saka ndichakurumidza kuti ndibve pano zvino, muminiti inotevera.

Ndinoda kuti nditaure izvi ndisati ndavhara. Ndakava nemuenzaniso wakanaka wezvizvi imwe nguva. Ndakanga

ndichipatirora. Uye vanhu vazhinji pano... Zasi kunzvimbo dzakapoterredza Georgetown, zasi uko muMilltown, seri uko kumakomo, paiva, netsime. Chaiva chitubu. Chaikanda mutsenenza wemvura mudenga ma—mafiti mana-kana mashanu, yaigara ichingobuda yakawanda nguva dzose, uye riri tsime guru kunzvimbo iyoyo. Uye rakapoterredzwa nezvimerwa, munoziva, uye zvimwe zvinokura kubva muvhu ipapo, zvinofefetedza pamunhuhwi. Uye, o, ndaigara ndichishuva kuti ndiende ikoko, o, ini zvangu, kuti ndisvike kutsime iroro. Uye ndairara ipapo pachinhu ichi uye ndonwa nokunwa, uye ndogara pasi ndonwa, ndakamirira.

Uye gore negore ndaisidzoka kutsime irori rimwe chete. Rakanga risingapwi, muchando kana muzhizha. Rakanga risingaomi nechando. Chitubu haugoni kuchiomesa nechando. O, kwete! O, kwete! Handina basa nokuti—nokuti kwatohora sei, hakuzomboomesi ichocho. Unogona kuomesa tangi; chando chishoma bedzi chinogona kuita izvozvo. Maona?

Asi chose chinoerera, chine Upenyu machiri, chinoramba chichifamba. Uye haugoni kuomesa Chitubu. Hazvina mhaka kuti mweya uri kunzwa kutsimbirirwa zvakadini panzvimbo yauri, Chitubu ichi chinogara chichirarama. Gara paChitubu ichi.

¹³⁷ Uye ndakacherechedza, ndakafambapo uye ndakanwa kubva pachiri, uye, o, ini zvangu, mvura inofefetedza! Hawai fanira kumboshushikana, “Hawaimbofunga kuti, kana ndikasvikapo, pamwe ndingasvika isisiri kuerera?” Yakagara ichierera...

¹³⁸ Mumwe murimi mutana wakandiudza, akati, “Sekuru vangu vakanwa pachiri.” Uye akati, “Hachina kumbopwa kana kurega kuerera. Chichiri chitubu chimwe chete, chiri kueredza mvura ichipinda muRwizi Blue.”

¹³⁹ Ndakafunga, “O, ini zvangu, inzvimbo yakanaka zvakadini ine mvura!” Ndaimbotsauka kwemaira kubva munzira yangu, kuti ndiende kunzvimbo iyoyo, nokuti yakanga iri nzvimbo yakaisvonaka yokuti ndinwe pairi. O, yaiva mvura inonaka zvakadini iyo! O, ini zvangu!

Ndaienda—ndaienda kunze uko murenje iro, kuArizona zvino, ndairamba ndichifunga pamusoro pachu, “Chitubu chinoshamisa icho zasi uko, dai ndikakwanisa kuzorora pachiri!”

Sezvakataurwa naDhavhidha imwe nguva, “O, dai ndaikwanisa kunwa kamwe chete zvakare kubva pachitubu icho!” Dai aigona kungosvikako!

¹⁴⁰ Uye ndakagara rimwe zuva, ndokubva ndanzwa manzwiwo asinganzwisisiki. Uye ndikati, “Sei uchigara uchifara iwe nguva dzose? Ndinoshuva kuti dai ndikagara ndichifara saizvozvo. Nemhaka yei, handina kumbokuona wakasuwa, nguva yose

yandaiyu pano. Hapana chine kusuwa pauri.” Ndikati, “Unogara wakazara nemufaro nguva dzose. Unosvetuka nokutubwida nokuenda wakadaro. Muchando kana muzhizha, kuchitonhora kana kupisa, chero mampiriro akwakaita, unogara wakangozara nomufaro. Chii chinokuita . . . ? Chii, chii ichocho? Nokuti ndinomwa here kubva pauri?”

“Kwete.”

Ndinoti, “Zvakanaka, dzimwe nguva tsuro dzinonwa kubva pauri, uye unozvifarira zvakananyanya.”

“Kwete.”

Ini ndikati, “Zvakanaka, chii chinokuita kuti ugare uchitubwida saizvozvo? Chii chinokuita kuti ugare uchifara saizvozvo? Chii chinokuita kuti ugare wakazara nomufaro?” Ndikati, “Imhaka here yokuti shiri dzi—dzinonwa kubva kwauri?”

“Kwete.”

“Nokuti ini ndinonwa here kubva kwauri?”

“Kwete.”

Ndikati, “Zvakanaka, chii chinokuita kuti ugare wakazara nomufaro?”

¹⁴¹ Dai chitubu ichi chaigona kundipindura, chaidai chaitaura izvi. “Hama Branham, hazvisi zvokuti munonwa kubva kwandiri; ndinozvfirira izvozvo, uye nokuda kokuti shiri dzinonwawo kubva kwandiri. Ndinopa munhu wose anoda kunwa. Chinhu bedzi chamunofanira kuita kungouya pano kuzonwa. Asi, chinondiita kuti ndifare, handisini ndinotubwida, asi chiri mukati mangu, chinondituma. Ndechimwe chinhu chinonditubwidisa.”

¹⁴² Uye ndizvo zvazvakaita noupenyu hwakazadzwa noMweya. Sezvakataura Jesu, Iye waiva . . . Munoono, Wakakupai matsime emvura dzinoererera kuUpenyu husingaperi, chitubu, chinongopupira nguva dzose mvura dzinoererera. Kana chechi yose iri pakakwirira kana pakadzika, iwe unoramba uri paTsime iroro.

Ungatorerei maitiro netangi resangano rekare, rakazara majemisi nezvimwe zvose, wonwa zvinhu izvozvo zviri kuora, apo iwe wakokwa kuTsime, Chitubu?

¹⁴³ Ndinofunga mabudisire achaiita, uye chichitubwida, uye—uye chichifufuma, nokuseka, nomufaro, nokusvetuka, nokutambatamba. Kuchitonhora, kuchinaya; kuchipisa, kwakaoma, apo nyika yose yanga ichioma, icho chaingotubwida sezvachaigaraita. Nokuti chakanga chakadzika, chine midzi, iri zasi mumatombo mayaiiva.

¹⁴⁴ O, rega ndigare paChitubu ichi! Torai maitiro ese evanhu awa amunoda, matsime enyu ane mvura dziri kuora, asi regai ndiuye

ku...kana kuti matangi ari kuora. Asi, regai ndiuye paTsime iri, regai ndiuye apa paAkazara. Ndiye Mufaro wangu. Ndiye Chiedza changu. Ndiye—Ndiye Simba rangu. Ndiye Mvura yangu. Ndiye Upenyu hwangu. Ndiye Mupodzi wangu. Ndiye Mponesi wangu. Ndiye Mambo wangu. Zvose zvandinoda zviri maAri. Ndingadirei kuenda kune chimwe chinhuze?

¹⁴⁵ Hama, hanzvadzi, haungadiwo here kuuya kuTsime iri usiku huno? Haungadi here, kana usati wambosvikako, haungaRigamuchiri here usiku huno apo tichikotamisa misoro yedu?

¹⁴⁶ Matangi akatsemuka, anovhinza, anosinina, nyika ichisininira maari, tsvina inobva kumatanga nokune mamwe mazuva. Ko Seiko Tsime iri, zvinhu izvi zvisingagoni kugara mariri, Tsime guru iri rakazara neRopa, rinoerera kubva mutsinga dzaEmanuere? Unodini kuRigamuchira usiku huno? Dai Mwari akatibatsira usiku huno, munyika ino ine nyota, yakaoma. Sezvakareva muporofita, “Iye iDombo munyika yakaneta.” Ndiye Tsime iro. Haungauyi here kwaAri usiku huno, mumwoyo yenyu, patava kunamata?

¹⁴⁷ Baba voKudenga vanodikanwa, hapana rimwe Tsime, apo mumhanzi uchirira, “Hapana rimwe tsime randinoziva; hapana kunze kweRopa raJesu.” Ndakazvarirwa imomo, ndakarererwa imomo; ndinoda kugara ndiri imomo, nokufiramo, nokumukazve ndirimo, muHupo hwaKe. Nguva dzose, Ishe, regai ndigare muHupo hwaKe, nokuti handina kumwe kwandinoziva. Hapana zvitendwa, hapana rudo; hapana rudo asi Kristu, hapana zvitendwa asi Kristu, hapana bhuku asi Bhaibheri, hapana chimwezve chinhu, hapana mufaro kunze kwaKe. MukaMubvisa kwandiri, O Mwari, handina mhaka nokuti chikamu chikuru zvakadini chenika chandinacho, ru—runenge ruri rufu, ndichingotetereka ndakabata musoro wangu nemaoko. Mubvisei kubva kwandiri, ndinoparara, Ishe. Asi itai kuti Ave mandiri, zvino Zvita anenge achingonaka saChivabvu, zvararo hapachina nzvimbo dzinopisa nenzvimbo dzakaoma, kunyange rufu pacharwo haruchina kukunda. Ngativei naYe, Baba. Mutipei Iye, muhuwandu, kumutendi wose usiku huno, sezvo vamirira muimba ino.

¹⁴⁸ Vazhinji vavo vachafanira kutyaira mumugwagwa usiku huno, vachienda kumisha yavo, uye dai vakava nekufunga uku, “Ndiri kugara paTsime iro. Ndiri kugara ipapo, ndichinwa inofefedza, awa neawa.”

¹⁴⁹ Kana vasati vagamuchira izvozvo, pari zvino, dai vakaMugamuchira zvino, kuitira kuti vaende neTsime iri izvozvi. “Ndichaenda nemi; ndichava nemi kusvika kumagumo enyika.” Tipei zvinhu izvi, Baba.

¹⁵⁰ Uye zvino takakotamisa misoro yedu, pane mumwe here pano, usiku huno, kana kuti vangani vangati, “Ishe, nditorei

mundiendese kuTsime iro izvozvi. Handina kungouya pano kuzonzwa; ndauya pano kuti ndizowana chimwe Chinhu. Ndauya kuti ndizoKuwana, Ishe. NdinoKudai usiku huno. Huyai mumwoyo mangu izvozvi. Hamungadaro here, Ishe?" Mwari akuropafadzei. Ishe aropafadze mumwe nomumwe wenyu.

¹⁵¹ Baba, Maona mavoko, akasimudzwa mudenga tichitevedza madziro, nomune mamwe makamuri, panze. Imi—Imi mavaona, Baba. Ndi—ndinonamata kuti Imi muvape zvole zvanoda. Dzimwe nguva vanga vachinwa kubva mutangi rekare, Ishe, imwe nzvimbo pokuzorora munzira apo mumwe munhu akagadzira tangi, rikazova rakasvibiswa nemhando dzose dzedzidziso dzisinganzwisiki, vachiramba Shoko. Ndinonamata, Mwari, kuti usiku huno vaye kwaAri Iye anova Tsime iroro, Tsime iroro reUpenyu. Tipei, Baba. Ndinovaisa kwaMuri zvino muZita raJesu.

¹⁵² Uye Makandiudza, "Kana ukakumbira chinhu chipi zvacho muZita raNgu, uchazviitirwa." Zvino, handinakumbiri izvi, Ishe, kana dai ndanga ndisingafungi kuti zvinoitwa. Ndingadai—ndingadai ndichingozvitaure setsika yamanamatiro. Asi ndinovanamatira, nokurevesa. Ndinovanamatira, ndichitenda kuti Imi Muchapa zvaMakavimbisa.

¹⁵³ Uye zvino ndinovabvisa kubva mutangi iro usiku huno. Ndinovabvisa kubva munzvimbo yavanga vachinwa, umo vasingagutsikani; kuti vaye kuTsime iri. Ndinoita izvi muZita raJesu Kristu.

¹⁵⁴ NdeveNyu, Ishe. Ngavanwe kubva kwaMuri, Mvura mhenyu, Tsime reMvura mhenyu. MuZita raJesu, ndazvikumbira. Amen. Tipei, Ishe.

O, kuerera kunokosha
Kunondichenesa sechando;
Hakuna rimwe tsime randinoziva,
Hapana chimwe kunze kweRopa raJesu.

Chii chingasuka zvivi zvangu?
Hapana kunze kweRopa raJesu;
Chii chingandikwanisa zvakare?
Hapana chimwe asi Ropa raJesu.

O Jesu, podzai ava, Ishe! Tipei, Ishe, nemuZita raJesu. Ndanamata, Mwari, kuti Mu . . . ? . . . NdiMi munoziva zvole.

Hakuna rimwe tsime randinoziva,
O, hapana chimwe kunze kweRopa ra . . .

¹⁵⁵ Zvifunge, hakuna rimwe tsime randinoziva! Hapana chimwe chandinoziva asi Iye. Handishuvi kuziva chimwe chinhu asi Iye. Hapana chimwe asi Ropa raJesu! O!

O, kuerera kunokosha
 Kunondichenesa sechando;
 Hakuna rimwe tsime randinoziva,
 O, Hapana chimwe kunze kweRopa raJesu.

¹⁵⁶ Tichiimba izvozvo zvakare, ngatikwazisanei mumwe nomumwe. Munodanana here? Pane mumwe here muno ane waasingawirirani naye? Kana aripo, enda unogadzirisira. Uchadaro? Ngatisabva muno takadaro. Maona? Kana une chigumbu nemumwe munhu, enda unogadzirisira, izvozvi. Mukana wako izvozvi kuti uende, wonoti, “Hama, hanzvadzi, pane zvandakataura pamusoro penyuu, pane zvandakafunga. Ndaive ndisingadi kudaro. Ndiregerereiwo.” Maona, ndiyo nzira yatinofanira kuita nayo. Ngativei neTsime pakati pedu, nguva dzose. Maona?

Hakuna rimwe tsime randinoziva,
 Hapana chimwe kunze kweRopa raJesu.

O, kuerera kunokosha
 Kunondichenesa sechando;
 O, Hakuna rimwe tsime randinoziva,
 Hapana chimwe kunze kweRopa raJesu.

¹⁵⁷ O, haAshamisi here? Hakuna rimwe tsime! Hatizvisvibisi nezvimwe zvinhu. Takazvitsaura, tikasiya nyika shure. Hatichadi gariki yekuEgipita nematangi akatsemuka. Tiri murwendo naJesu Kristu, Dombo riya rakarohwa, ameni, tichidya Manna kubva Kumusoro, tichinwa; tichidya Zvekudya zvegirozi, uye tichinwa kubva muDombo. Amen!

Hakuna rimwe tsime randinoziva,
 Hapana chimwe kunze kweRopa raJesu.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

¹⁵⁸ Ndichinamata kuti Mwari anyatsoropafadza mumwe nomumwe wenyu, kuti nyasha dzaKe netsitsi dzive nemi muvhiki yose inouya. Uye kana pakawana chinoitika, kuti mumwe wenyu akaenda seri kwechidzitiro izvozvi, rangarirai kuti maawa mashoma okuvata nezororo kusvika patichasangana. Rangarirai, kuti, “Avo vapenyu vanosara havazokanganisi avo varere, nokuti Hwamanda yaMwari, Hwamanda yokupedzisira...” Yechitanhatu ichangobva mukurira. Uye Hwamanda yokupedzisira, seChisimbiso chokupedzisira, kunenge kwave Kuuya kwaIshe. “Icharira, uye vakafa munaKristu vachatanga kumuka.” Vakangozorora kusvika panguva iyoyo.

¹⁵⁹ Uye kana ukarwadziwa, rangarira:

Tora Zita rake Jesu,
 Senhovo kubva pamuteyo wose;

Uye miyedzo yakakukomba yaungana,
Ingofema Zita iroro dzvene mumunamoto.
(Madhimoni anotiza.)

¹⁶⁰ Ingorangarirai, tintarisira kusangana nemi pano Svondo inouya mangwanani. Huyai nevanorwara nevanodzimbikana. Ndichange ndichikunamatirai. Imi ndinamatirei zvino. Muchaziita here? Itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Ndichakunamatirai, kuti Mwari varopafadze.

. . . Zita mumunamoto.

Zita rinokosha, Zita rinokosha, O rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga;

Zita rinokosha, O rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga.

PaZita raJesu tinoremekedza,

Tichidonha tichirara patsoka dzaKe,

Mambo wemadzimambo kuDenga

tichamupfekedza korona,

Kana rwendo rwedu rwapera.

Zita rinokosha, Zita rinokosha, (hazvitapiri nokukosha here?)

Tariro yenyika nemufaro weDenga;

Zita rinokosha, Zita rinokosha, O rinotapira sei!

Tariro yenyika nemufaro weDenga.

¹⁶¹ Zvinogara zvakangooma kuparadzana nemi. Chero ndichiziva kuti muri kutsva, asi pane chimwe chinhu pamusoro pe. . . Ngati, imwe ndima yerumwe, munoda kuzviita here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Munoda kuzviita here? *Ngachiropafadzwe Chisungo Chinosunganidza*, hanzvadzi. Vangani vanoziwa rwiyo urwu rwakare? Taisimborwuimba, makore apfuura.

¹⁶² Uye ndanga ndichifunga, usiku huno, “mavoko maviri, kubva mumazana, asara,” pataisimboimba rwiyo urwu patabhenakeri, uye tichibatana mavoko. *Ngachiropafadzwe Chisungo Chinosunganidza*. Ndakaviga vazhinji vavo, kumusoro uko kumakuva. Vakamirira. Ndichavaona zvakare. Ndinombovaona, pano neapo, muchiratidzo, pandinotarisa seri kwevhoiri. Variko.

Ngatikotamisei misoro yedu zvino tichiimba.

Ngachiropafadzwe chisungo chinosunganidza

Mwoyo yedu murudo rwechiKristu;

Kuyanana . . .

Rwakaita seurwo rweKumusoro.

Patino . . .

Zvino swedera ubate ruvoko rwemumwe munhu.

. . . patsanurana,
Zvino kotamisa musoro wako.
Zvinotipa kurwadziwa komukati;
Asi ticharamba takabatana mumwoyo,
Uye totarisira kusangana zvakare.

¹⁶³ Takakotamisa misoro yedu. Ndinosiira shumiro kumufundisi
zvino, uye toparadzana mu . . .



MATANGI AKATSEMUKA SHO64-0726E
(Broken Cisterns)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga neChirungu neSvondo manheru, 26 Chikunguru, 1964, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2014 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org